ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№70 (20.978) ● 2007 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 10, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсен ипэ текІуэныгъэмкІэ "Спартак-Налщык" командем йохъуэхъу

Налшык и командэм хэтхэм футболыр фІыуэ зылъагъуэхэр аргуэру егъэгуфІэ. Вэсэмахуэ ахэр бжыгъэр 1:0-у езыхэм я губгъуэм щытекІуащ Къэзан и «Рубин»-м. Ипэ текІуэныгъэмкІэ Налшык и футболистхэм екъуэхъуащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.

Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ чемпионатыр и КІэм нэсыху ди командэм екъулІэныгъэхэр къихьу, я текІуэныгъэхэмкІэ футболыр фІыуэ зылъагъу псори ягъэгуфІэу екІуэкІыну зэращыгугъыр.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ

● Кулиев Къайсын къызэратьхурэ илъэс 90 щрикъум ирихьелІэу

Лъэпкъ псоми зэдаЙ усакІуэшхуэ

КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэщ Къэбэрдей-Балькъэрым и щІыхьб усакІуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъум зыхуэгъэхьэрыныкъмрэ ар гъэлъэпІэныкъмкІэ комиссэм и яп зэІупІэр. Ар иригъэкІуэкІащ комиссэм и Іэтащхьэ, КъБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс.

БЕЧЕЛОВ Ильяс зэрыжиІамкІэ, тхакІуэхъэм, адрей творческэ лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм, щІыпІэ самоуправленэмрэ къэралыр властымрэ я органхэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэр республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ. АдэкІэ комиссэм и унафэщІым къыхилъхьащ зэІупІэм хэтхэм мы Іуэхум пыщІаІуэу зэфІэтэхыпхъэу къалытэхэр я жаІэну.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и тхьэмадэ **Созаев Ахьмэт** комиссэр щыгъуазэ ищІащ усакІуэ Іуэгъэзджэр къызэралъхурэ илъэс 90 зэририкъум теухуа зэІупІэ щхьэхуэ тхакІуэхэм зэрыраГъэкІуэкІам икІи а пІалъэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну Іуэхуэхэр абы зэрыщаубзыхуам.

Кулиев Къайсын и унэ-музейм (Щэджэм къалэ) и унафэщІ **Кулиевэ ФатІимэ** зэгухьэныгъэхэм, щІыпІэ самоуправленэмрэ къэралыр властымрэ я органхэм я лІыкІуэхэр зыхэт комиссэр республикэм и Іэтащхьэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ. АдэкІэ комиссэм и унафэщІым къыхилъхьащ зэІупІэм хэтхэм мы Іуэхум пыщІаІуэу зэфІэтэхыпхъэу къалытэхэр я жаІэну.

КъБР-м и ТхакІуэхэм я союзым и тхьэмадэ **Созаев Ахьмэт** комиссэр щыгъуазэ ищІащ усакІуэ и гъуэзджэр къызэралъхурэ илъэс 90 зэририкъум теухуа зэІупІэ щхьэхуэ тхакІуэхэм зэрыраГъэкІуэкІам икІи а пІалъэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну Іуэхуэхэр абы зэрыщаубзыхуам.

АдэкІэ къэпсэльхьэу Парламентым и вице-спикер **Федченко Людмилэ**, КъБКъУ-ми профессор **Эфендиев Сэлихь**, КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ я институтым и унафэщІым и къудзэ **Дэхъушокъуэ Мусэ**, «Минги-Тау» журналым и къудамэм и унафэщІ **Гургуев Сэлихь,** Кулиев Къайсын и щІэр зезыхъэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым литературэмкІэ и ІэнатІэм и унафэщІ **Кулиев Элизат** сымэ къыхагъэщхьэхуКІащ усакІуэ инхэр, абыхэм я творчествэр лъэпкъ псоми ябгъэдэдэ фІыгъуэу зэрыщытыр икІи абы къыхэкІыу балъкъэр усакІуэшхуэм и юбилейр хэІэтыкІуэу зэрыгъэльэпІапхъэр.

КІэуэку къыщыпсальэм, КъБР-м щэнхабзэмрэ зыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министрым и унафэщІэ **Карчаевэ Аминэ** жиІащ юбилей гуфІэгъуэр зэрекІуэкІыну щІыкІэм и проектыр зэрыкъэзырыр, абы Іуэху куэд къызэрыщыгъэлъэГъуар, ауэ комиссэм зэфІигъэкІыпхъэу щыІэхэри зэрымымащІэр.

Бечелов Ильяс къызэхуэсахэм захуигъазэри жиІащ комиссэм хэтхэм лъэкІыпхъэу къалытэхэр къызэгъэпэщакІуэ комитетым етыным еужьэрэкІын зэрыхуейр.

МЭЗ Ириня.

Министр Тут Заур тыгъэхэр етыж.

ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм гулъытэ хуащІ

● Псапащ1э Іуэху

Мазаем и 4-м Мурадыкъ театрым щекІуэкІауэ щытащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артистхэу Волочковэ Анастасиерэ Тут Зауррэ я псапащІэ концерт. Абыхэм концертым къыхэкІ мыгъкур ди республикэм и сабийхэм зыщІагъэзекъуэным трагъэкІуэдэну мурад ящІат.

ИДЖЫБЛАГЪЭа мурадыр нахуапІэ хъуащ. Концертым къыхэкІа мыгъкумкІэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым геронтологиемрэ онкологиемкІэ и къудамэм тромбоцитаймер (коагулометр) Іэмэпсымэр къыхуащэхуащ. Ар гъым и зэхэтыкІэмрэ ар зэрыпщІэмрэ къэзыхуэтэ аппаратурэ Іэмэпсымэр и ІуэхущІапІэ.

Сабий гемат олог нэхъыщхьэ Щомахуэ Анзор щыгъуазэ дыдэрищІамкІэ, мыпхуэдэ Іэмэпсымэр нобэр кІыхьдэсым республикэм и Іакъым, абы къыхэкІыуи сымаджэм и гъым и зэхэтыкІэр къащІэн папщІэ ахэр Ставрополь, Москва, нэгъуэщІ къалэ хэм яГъакІуэрт. «Мыр икъукІэ дызыхуэныкъуэ хьэпшІыпщІ икІи дяпэкІэ сымаджэм и щытыкІэр нэхъ псынщІэу къэтхутэу, зэман кІэщІым дыдэІэпыкъуну Іэмал къыдет», - жиІащ Щомахуэм.

А Іэмэпсымэр сабий сымаджэщым щратыж зэІущІэм хэтащ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министр Тут Заур. Концертым къыхэкІ мыгъкур ди Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Елъэпапр Мухьэмэд хьэщІэхэмрэ журналистхэмрэ кІэщІу щигъэгъуэзащ я лэжьыгъэр зэрекІуэкІым икІи республикэ псор зыкъуэныкъуэ аппаратурэр къызэрыхуащхуамкІэ Тут Заур фІыщІэ хуищІащ.

- Сабийм нэхъыщхьэ, абы япэ идгъэщын зыри зэрыщымыІэр псоми къыдгурыІуэн хуеящ, - жиІащ Тут Заур. - Концертым къыхэкІа мыгъкур зытедгъэкІуэдэнумкІэ Президент Къанокъуэ Арсен сыщеджэнджэщым, къызжиІащ, псори зэпэлъытауэ, дэІэпыкъуныгъэ нэхъ хуэныкъуэ Іуэхущ1апІэр къыхэхьан зэряхуеиР. ДыхэлъхьэкІи, мы къудамэм щыІэ сымаджхэхэм я узыр зэращыдгъэпсынщІэн гуэркІэ защІэдгъакъыкъэмэ нэхъыфІу къэтлъытащ. Си гуапэщ апхуэдизу фызыхуэныкъуэ Іэмэпсымэр нобэ къызэрыфІэрыхьаР. Мы Іуэхугъуэфі къетхъыжьам дяпэкІи зэрыхъукІэ зэрызедгъэужьыным, дызыдІэпыкъуфхэр нэхъыбэ зэрыщыным дыхуищІэкъэнущ.

ЩЫЗЫЩІЫЩІ Изэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дунейм и щІэныгъэ

● Щ1эныгъэ

Нэгъэжьыщ1эхэм я ехьул1эныгъэ

Мы махуэхэм Обнинск къалэм «Щ1алэгъуалэ, щ1эныгъэ, щэнхабзэ» фІэщыгъэм щІэту щекІуэкІащ щІэныгъэ-практикэ конференц.

АБЫ ХЭТАЩ Урысейм и щІынальэхэм икІауэ ныбжьыщІэ 1800-рэ. Зэхьэзэхуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ творчествэмкІэ я республикэ Унэм и гъэсэнхэри. Ди щІынальэм икІахэм зэхьэзэхуэм къыщахьащ текІуэныгъэ зыбжанэ. Зэпеуэр езыгъэкІуэкІахэм ди республикэм икІа ныбжьыщІэхэм ябгъэдэлъ зэчиІм папщІэ фІыщІэ ин къыхуащІащ. Псом хуэмыдэу ягъэщІэгъуащ КъБР-м и кьалэхэм я мызакъуэу, кьуажэ щколхэми щІэныгъэ куу сабийхэм зэрыбгъэдалъхьэфыр. Щ1эныгъэм и кьудамэ псомэ хуэгъэпсауэ екІуэкІа зэІуІэм гупльитэ щхьэхуэ щыхуащІащ ди щІынальэм и тхыдэр джыным теухуауэ щІыкІэхэм ягъэхьэзырыр лэжьыгъэхэм.

Ди республикэм щыщу конференцым хэта, Сэрмакъуэжэм щыщ Къущхьэкъуэш Бэллэ игъэльэгъуа лэжьыгъэр дунейм и кьэхъукьащІэхэмрэ абы щІыхь пэщІэтын папщІэ нобэ кьащІэсэбэп Іэмалхэмрэ теухуат. Къубэ-Тэбэ къуажэм щыщ Хьэнцэ Мухьэмэд иджы щыщІэдзауэ бгъэдэлъ философие щІэныгъэр куэдым телъыджэ ящыхьащ. Апхуэдэу КъБР-м икІа гупым утыку ирахьащ щІыуэпсыр хьэмэным адрияным пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэ купщІафІэхэр.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Хьэблэщ1э

АДЫГЕЙ. *«Мейкьуэпэ и къухьэпІэ лъэныкъуэм ухуэныгъэхэр щегъэжьауэ щІэныгъэ-практикэ конференц»*

АДЫГЕЙМ и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щаухэуну микрорайоныщІэм и проектым и заказчикыр «Мейкьуэпэ кьалэ» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм и администрацІэрэщ. Проект нэхъыфІыгъ кьыхэхьанымэ теухуа Іэпеуэм щІэныгъэ ягъэгъэкІуэкІахэм ди республикэм и Ростов щІыщ «Архстрой» творческэ архитектурнэ мастерской» ООО» фирмэр. МикрорайонышІэм ныбэдынуц «Черемушки» къыщІэдзауэ Гвардейскэ жьылагъуэм нэсщ. Проектыр зэхэзыгъэувэхэм къызэралытэжкІэ, абы хьыхьэнуц щыгъэжапІэ, спорт комплекс, сату щащІ, нэгуэгъэжьыжьІэ комплекс, зыгъэпсэхупІэ парк, нэгъуэщІхэр.

Хьэблэщ1эм щрагъэкІуэкІыну уху зэныгъэхэм я проектхэр хьэзыр хъуэ, инвесторхэр кьрагъэблэгъэзэным, щІыпІэ бюджетым мыльку хухеГъэхьным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

Си проектыр хьэзыр Черкесск - Адлер федерал гъэзыгу яухуэмэ, инвесторхэр нэхьыбэу кьрагъэлІэнущ. Краснодар крайм и тенджызэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсым и бгы курортхэмрэ зы комплексу зэпыщІэнмкІэ Іэмал кьитынущ.

КІапсэ, бгы-лъэрыжьгъуэгухэр, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексхэр, СПА-центрхэр, лъэрыжьэкІэ кьыщажьхьым мыл губгъуэхэр, лыжэ стадионхэр, нэгъуэщІхэри зыхэтыну проектым сом мелард 17 хуагъэзащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейпсо пщ1алъэм кьитІасэ «Архьыз»

«Архьыз» турист-рекреацІэ комплексыр къызэгъэпэщыным тещІыкІа «Спецгэ» гупым и проектым и презентацІэ зекІуэкІащ. Ар щекІуэкІа «Іэдинху-Пэлас» хьэщІэщым щІыпІэзыхьэсат урысей инвестор нэхъ лъэрыгъэхэр, Урысей банкхэм я лІыкІуэхэр, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу ЮФО-м щыІэм и яп къуэдзэ Гаевский Валерий, Олимп комитетым и президент Тягачев Леонид, ТуризмэмкІэ федеральэ агентствэм и унафэщІ Стрижалковский Владимир сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЩЫМАХУЭМИ гъэмахуэми зыщыбгъэпсэху хьэн, дунейпсо щІалъэм кьитІасэ «Архьыз» турист-рекреацІэ комплексыр Урысейм и бгы-лъэрыжьэ курорт нэхъ ину увынущ.

Си проектыр хьэзыр Черкесск - Адлер федерал гъэзыгухэр, узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексхэр, СПА-центрхэр, лъэрыжьэкІэ кьыщажьхьым мыл губгъуэхэр, лыжэ стадионхэр, нэгъуэщІхэри зыхэтыну проектым сом мелард 17 хуагъэзащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Адыгэ щ1эн1гъуазэр гъуэгэ "хурёхьу"

Ди газетым зэрытетащи, дунейм кьытехьащ илъэс зыбжанэ хьуауэ зи гугъу ящІ Адыгэ (Шэрджэс) щІэнгъуазэр. Тхылъыр хуабжьу инщ, сурэтхІэ гъэщІэрэщІащ, лъэпкъым и гъащІэмрэ и кьекІуэкІыкІамрэ кьыщыкъгъэльэгъуащ.

ЩІЭНГЪУАЗЭР Іыхьэ зыбжанэу зэхэтщ:

- экономико-географие щытыкІэр;
- тхыдэр кьэзыгъэльэгъуэ тхыгъэхэр;
- адыгэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу пІэрэхъэмрэ;
- адыгэ хабзэхэр, бзыпхъэхэр, диныр;
- Дунейпсо Адыгэ Хасэр;
- Щ1ыхь щ1эрыІуэхэм ятеухуахэр, н. къ.

Тхыльым и кьалэн нэхъыщхьэр адыгэхэр зыхуэдэр щІыхь-щІэныныр, я блэкІамрэ я нобэмрэ нэІуасэ хуэщІыныр. ЩІэнгъуазэм нэсу кьегъэльагъуэ лъэпкъым и тхыдэр зыхуэтдэр.

Тхыльым ихуар я щІынальэм исыж адыгэхэм ятеухуа тхыльхэм я закъуэкъым, атІэ хамэ къэралхэм - Тыркум, Иорданым, Сирием, Германием, Израилым, США-м, нэгъуэщІхэми щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм ятеухуа тхыгъэхэри итщ.

Адыгэ (Шэрджэс) щІэнгъуазэр зэхэзыпІхьар, я редактор нэхъыщхьэр ЩІДАА-м, РАЕН-я я академик, профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор Къумахуэ Мухьэдинщ.

Тхыльыр кьыдгъэхьыным жьыджэру хэлэжьхьащ, я мылькури хатхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ абы и тхьэмадэу щыта Акъбащ Борисрэ.

Адыгэ щІэнгъуазэр Черкесск кьалэм щащэ. ФыщІэуплІэ хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ: **8(918)-713-06-91; 8(909) - 493-10-30.**

ДАУРЖэхьфэр,
«Черкес хэку» газетым и корреспондент.
Черкесск кьалэ.

P.S. Адыгэ щІэнгъуазэм и презентацІ мэлыкьхьым и 14-м Налшык кьалэ щекІуэкІынущ.

● Тхылъыщ1э



Си чэнджэщэгъу, си уэршэрэгъу

● "Адыгэ псалъэр" къыхьзох

Аращ сэ хужьыІэр икІи апхуэдэ дыди къыхуэ хьу фІыуэ слъагъу ди адыгэ газет закъуэр. Зэрыс щІэкІэ зы ильэсрэ къэнакьым «Адыгэ псалъэм» Іэ щыщІэзмыдза, къыщысІэрымыхьа. Абы си гъащІэм увыпІэщхуэ щечэбыд, дэжьыгъэм сыт щыгъуэ къыщыпсэогъэсэбэп.

МЫ ГАЗЕТЫМ апхуэдизэ пщІэ щыхуэсщІым щхьэусыгъуэ куэд иІэщ. Псом япэрауэ, ар гъащІэм и бзуэкІэм укІэльэпсыгъэпІэ Іэмэпсымэ гъуэзэджэщ. Езанэ напэкІуэцІым деж кьышыщІэдзауэ нужьрейм нэсыху «Адыгэ псалъэм» кьыщыбгъуэт Іэмал имыІэу зэыхуэныкъуэ хьыбархэр. Тхыгъэхэр я жанрКІэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, кьаІуэтэ унэтІыныгъэхэри зэхуэмыдэщ. Апхуэдэу сэбэпынагъыщхуэ кьахьу кьызэольытэ газетым и напэкІуэцІ щхьэхуэхэм. Псалъэм папщІэ, хадэ щІэнымрэ жьыг гъэкІынымрэ удихьэхмэ, абы ельэпІа упщІэхэм я жуэап щыбгъэуэтынущ «Уней гъапсэ» напэкІуэцІым, егъэджэнымгъэм, щІэныгъэм, гъэсэныгъэм уи лэжьыгъэр пыщІамэ, «Си еджапІэ - си кьежьапІэр», «Щ1ыхулъагъуэр», «Щ1ыкІурагъыр» дэІэпыкІуэгъу кьыпхуэхьунущ. Псомэ зэхуэдэу яфІэхьэлэмэтщ «Малъхьэдисыр», «Щ1ихьхьащ адыгэр дунеижьым» напэкІуэцІхэр, нэгъуэщІхэри.

Жылагъуэм пщІэщхуэ щызиІэ хэкуЛ Хьэфыщ1э Мухьэмэд зи пашэу апхуэдизэ тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр дэ, щІэджыкІакІуэхэм, тхъэзыгъэхьэзыр лэжьакІуэ гупым сохьэхьу я кьалэмыщ мыубзэщхьу адэкІи льэпкъ Іужьум хуэлэжьэну. Адыгэу зызыльытэж дэтхэнэрэ кьыхуэоджэ «Адыгэ псалъэр» я чэнджэщэгъу икІи эршэрэгъу льапІэ ящыну.

КЪЭЗАКЪ Сэфарбий,
тхьдэмкІэ егъэджакІуэ, пенсионер.
Бахьсэн район,
Кьулькъужьин Ищхьэрэ кьуажэ.

Газыр къызэрыуам къыхэкІыу

2007 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 40-м Вольнэ Аул (Брамтэ) кьращри зи щІыфэхэр мафІэм зэхихьа щІыхьибл республикэ клиникэ сымаджэщым и реанимацІэ къудамэм кьашащ.

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэм кьыта хьыбарым кьыззэрыщысымкІэ, мы щІэщхьэр кьрикІуащ газ Іэмэпсымэр хуэсакъыу къызэрамыгъэсэбэпам кьыхэкІыу газ зэрыт баллоныр къызэрыуам.

Фэбжь зыгъэзэхуэ зыхуэфащэ ямедиацІэхэ хуэІуэхуэщІэ псори ягъуэ. Мы къэхъукьащІэр хабзэхъуэмэ органхэм кьапщытэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ди Унэм и щ1ыпІ

Хымысэ къэкІыпкъым.

Ирамым нутІыщыжьа ищжьлыз морякхэм пресэм хуаІуатэ гъэрыпІэ щІта зэманым яубрэжьауэ, зы щІыхь фІэкІа зыщІэмыхуэ хьэпс кІыфІхэм щаІыгъауэ.

Абы папщІэ редакцэхэм ахьшІу кьытраУд. ПсалъэмІ и хьэтыркІэ, Лондон кьыщыдэкІ газетхэм ящыщ зым апхуэдэ хьыбархэм ящІитым хуей хуэщ фунт-стерлинг мини 100.

Тегеран жиІэхэр ногъуэщІщ. Абы пщІэ гуэри пэмыкІуэу зэбгрыригъэха кадрхэм иджыльысхэр кьыщыщІэлъэгъуащ ерыскьы хэпльыхьаэр зытет Іэнэхэм пэрысу, теннис, футбол джэгуу, нэгъуэщІ Іэмалхэмкі я нэгу зрагъэжьу.

Ираным и тенджызэ гъунапкъэхэр километри 2-кІэ зэрызэпаущІамкІэ ягъэкъуаншэу Тегеран ирагъэкІуэн епсэльэну зэрыхуэмейр. Абы кьелытэ кьэхъуам прессэр ирисондэджэр.

Дыщхьэсэ ильэсы 4 ирикъуащ американ-инджылыз коалицэм Иракым и кьалащхьэ багдад къызэрищІэрэ.

Диктатор Саддам зигъэпщкІуН уцуе хьуащ, ауэ кьагъуэтри, суд унафэкІэ и щхьэр пальащ. БлэкІа эзманыр кьыгъэльэгъуащ къэралым щытыкІэр ауэ жыжьуи зэтес зэрыщымыхьужьар. Иракым и Іыхухэм ткІийуэ кьагъуэв хамэдэхэр кьэралым и щІынальэм ирашыжьну.

ЩІЭЩІЫЩІ Изэ.

Зэгухьэныгъэ щ1ыІэнукъым

Катарым къыщызэІуахащ газ нэхъыбэ кьыщІэзыщ кьурал 14-м я лІыкІуэхэм я зэІущІэ.

Абы хэтхэм ящыщ зыбжанэм кьыхальхьэ ЩІыдагъэ кьыщІэзыщхьэ я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) ещхь газ ІэнатІэм кьыщыщзрагъэпэщыну. Ауэ дуней псом газ нэхъыбэ я кьыщыщІэнмкІэ ипэ ин апхуэдэ гъэтІылъыгъэхэмкІэ псоми щхьэпрыкІ Урысейм гъэсыныпхъэмрэ энергетикэмкІэ и министр Христенко Виктор зэрыщІамкІэ, ди къэралым кьилъытэркъым апхуэдэ зэгухьэныгъэ щыІэн хуейуэ.

Ар зэкІэ зыми кьыбжиІэфыщхьым. Зи гугъу тщІыр Украинэм щызэфІэува зэпэщІэтыныгъэрщ.

Президентым и унафэм ипкъ иткІэ, Радэ Нэхъыщхьэр зэбграуатІыпщыкІыжащ. А Іуэхум хуабжьу щыгуфІыкІащ Тимошенкэ Юлие зи пашэ блокыр. Ющенко Виктор и «Ди Украинэ» партым хуэдэу, абы жьыдэжу зыхуегъэхьэныр зэи мычэзу парламент хэхьныгъэхэм. Ауэ премьер-министр Янукович Виктор зи пашэ «ЩІыналъэхэм я партым», коммунистхэм, нэгъуэщІ зэгухьэныгъэ зыбжанэм я зыльжанэм жаІащ а хэхьныгъэхэм зэрызыхуамыгъэхьэзырыр - ятэ щІыкІэ Конституцэ судым жиІэн хуейщ президентым и унафэр хабзэм еэгъгъэ емызэгъэр.

Къуэкіырі Сыбырым и щ1ыпІэ зыбжанэм мэхъэм мафІэ щыщІэнащ. Читэ областым абы зыщиубгъуащ гектар 700-м нэсым. Псори зэранкІ щІыхухэр зэрымысакьыри.

Насыпыншагъэ ин кьыщыхьу пэтащ США-м и Нью-Мексикэ штатым. Абы мурад щащІат тафэхэм кьытена удзыжьхэр ягъэсыну, арщхьэкІэ яхуэмыубыду гъуЩІ гъуэгур мафІэм зэщІищтащ. А зэманым абы и гъунэгъу хуэхьуат щІыхь зезыщэ мафІэгу. Машинистым мурад ищІащ ар кьимыгъэувыІэу мафІэм пхигъэкІыну. МафІэгум исахэр тельыджэу кьелащ.

(ИТАР-ТАСС).

Н Ф Б Э

◆ Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1922 гъэм мэлыжьыхьым и 10 - мэкъуауэгъэм и 22 пщІондэ) Генуе щекІуэкІащ Экономикэ, финанс Іуэхуэхэм теухуа конференц. Капиталист къэрал 28-м я гъусэу абы хэтащ Совет Урысейри. Ди лІыкІуэхэм жаІащ зауэщІэхэр къэмыгъэхьуным хуэгъэзауэ ялэжь псори Совет правительствэм зэрыдиІыгъынур.

◆ Мэлыжьыхьым и 10 - 26-хэм Париж щекІуэкІынущ ЮНЕСКО-м и Гъэзэщ1акІуэ советым и зэІущІэ.

◆ Мэлыжьыхьым и 10 - 12-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІынущ «Урысейм и гъэсыныпхъэ-энергие зэфІэкІыр» 7-нэ дунейпсо зэхъыхьэр.

◆ Мэлыжьыхьым и 10 - 14-хэм Пальмэ (Майоркэ хытІыгу, Испание) щекІуэкІынущ Цыхубэ кьафэмкІэ XII дунейпсо фестивалыр.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932) кьалъхуащ мысыр, инджылыз-американ актер Шариф Омар. Ар фильм щ1эрыІуэ дыдэхэм щыдэжгуащ.

◆ Илъэс 70 и пэкІэ (1937) кьалъхуащ урысей усакІуэ икІи зэдзэкІакІуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал сагъэтхэм я лауреат Ахмадулинэ Бэллэ.

◆ Илъэс 80 и пэкІэ кьалъхуащ урыс тхакІуэ Липатов Виль (1927 - 1979).

◆ 1945 гъэм Иуан Хуасэн Совет Союзым и Лыхъужь щІэр кьыфІащащ.

◆ 1964 гъэм ягъэуващ «КъБР-м и Цыхубэ усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щыхь зиІэ и ухуакІуэ» щІэ льапІэхэр.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 6-рэ дакьикъ 32-м, къухьэжьыщ сыхьэт 19-рэ дакьикъ 48-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикъ 14-рэ.**

ПЫдаІуэр къэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэд.**

Ди Унэм и Гупсысэ

Хымысэ къэкІыпкъым.

Іуэхунэу упэмыплъэу уцыІэным,

Усакіуэ нэщхьей

Дунейм ехьжащ егъэджакіуэ, усакіуэ Бемырзэ Мухьэдин. Ди республикэм кьышыдзкі тхыльхэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетым эн кіэ тезыгъэтхэмрэщ Мухьэдин зыщІыхунур. Абы и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэщ: апэрауэ, уэсэр дэтхэнэ зыри зэпхьэу «хьэпшІыкІым», етІуанэрауэ, щыпсэуар, щылэжьар нэущ республикэщ.

Зи гугъу щІыну усакіуэр дунейм щехьажам абы трауха щыгъуэ тхыгъэм фыкьеджэмэ, фи нэгу кьыщІэнгъэхьэрынщ мы щІыхум и эзэфэкІыр зыхуэзар.

БЕМЫРЗЭМухьэдин Хьэмид и къуэр 1948 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7-м Хьэбэзэ районым хьыхь Алий-Бэрдыкъуэ (Хьэгъэндыкъуэй) кьуажэм кьыщалхъэ. Пасэу адэнщэ хьуа Мухьэдинрэ и шынэхьышІэмрэ илъэс 19-м иту фызабэу кьэна и анэм ипІыну кьыхуэхуащ.

1966 гъэм Мухьэдин кьуажэ ежакІэр дыжьым медалкІэ кьиухащ, нужькІэ Къэрэшей-Шэрджэс пединститутым щедкащ. Ар кьиухри гъэм кьулыкъу щиІащ. 1971 - 2003 гъэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ кьуажэ ежакІэм щылэжьащ, нужькІей зэманым «Черкес хэку» газетым и собкору Хьэбзэ районым щыІащ.

Алий-Бэрдыкъуэ ежакІэм егъэджакіуэу зэрыщІыдахьэм кьыщідзэмрэ щІыкІэ зэрыщІэхьэнымрэ щІэныгъэ, нужькІэ льэпкъыкІэрэ литературэмкІэ егъэджэным и Іуэхукіэ Москва щыІэ щІэныгъэ-методикэ центрым и кьудамэу Черкесск дэтым щІэныгъэ-ІэнатІэм зэрыщІыжьащ (егъэджакіуэ Іэжьыгъэм дзыхьуэ яращ мыр).

ЩІэблэр егъэджэным гъэсэнымкІэ зыІэрипхъэ ехьуІэнымкъэм папщІэ, республикэм и лІыкІуэу 1989 гъэм Москва щекІуэкІа егъэджакіуэхэм я япэрей Союзэпсо сьездым и лэжьыгъэм хэтащ, «Къэрэшей - Шэрджэс Республикэм щыхьэ зиІэ и егъэджакіуэ» цІэри 1997 гъэм кьыфІащащ.

Бемырзэр хэтащ жьыджэру адыгэ литературэр класс нэхьыжьхэм зэрыщаджжыну программэхэр, зэреджэ тхыльхэр зэхэльхьыным.

Абы кьыхэзыгъэкІа лэжьыгъэхэм ящыщщ егбгъанэ, епщІыкІэзэ классхэм адыгэ литературэр зэрыщаджжыну программэхэр, егбгъанэ классым и «Адыгэ литературэ» тхыльыр (и закъуэ итхащ), егбгъанэ, епщыкІузэ классхэм я адыгэ хрестоматиехэр (ГъэсэнІуэ). Абы кьыхэзыгъэкІа щІэныгъэ-дискэм и тхыль тедзапІэм 2006 гъэм кьышІудзыкІащ Бемырзэмрэ Молэ Рэшидэр зэтха, епщыкІузэ классым адыгэ литературэр зэрыщаджжыну тегъэпсэлъхьа тхыльыр.

Бемырзэр еблэнэ классым щІэст абы и ягъэрей усэхэм ящыщ «Си Инжыджэ» зыфІищар газетым кьышыдгъэрадзам.

И кьалэмыпэм кьышІэкІахэм щыщу нэхь цІрыІуэ хьуахэм хэжьхьэ «Поэмэ нэщхьей», «Си Инжыджэ», «Дий лъэпкъ пщы-уэрокъэм я фэмепсу» поэмэхэр, «Льагъуныгъэм сыхуэщыІыкІыщ» сонет Іэрамэр, «Адыгэ уцытынкІэ гугъуу» усэ уэрэд хьуар, нэгъуущІэхэри.

Бемырзэм усэ тхьылитху кьыдигъэкІащ: «ЗэкъуэжгъуэкІэ» (ІуэусІэ кІэхэм, Черкесск, 1972), «ЛІыгъэм и Къэдэ» (Черкесск, 1981), «Уэрэзэ сиІэр зэрыщІ» (Черкесск, 1990), «ДыгъафІэ уэс» (1993), «Адыгэу уцытынкІэ гугъуу» (2002) кьыхуэхІэщІэхэр, Иужьрей-тІыр Къэбэрдей-Балкъэрым кьыщыдзэкІащ.

Бемырзэ Мухьэдин Иззэт и Іыхьэ и Дунеиплъэ саугъэтыжьа и лауреатщ (1998). Урысейм и Тхакіуэхэм я союзым хэтщ 1997 гъэ ЛъандэрэІ, КъШР-м и цІыхубэ усакіуэщ (1998).

Псэм егъэпылІэ, узыхьхэу усыгъэхэу Бемырзэ М.Хь. итхахэм кІэд щащ адыгэ щІэныгъэкІыгъуэхэр зэритхьжьыгъэ. Аращ кьыхэзыкІыр дзэ литературэр зыцІк, усакіуэ Тамбий БетІал тхакіуэм кьыпхъэдэуэхьІэнымрэ: «Мухьэдин адыгэр усыгъэм и уафэм щылыдгъуэ и пхъэ нурхэм ящыщ зыщ. Ар зи тхэкІэр быдзу зэрыубыда усакіуэщ, зытетхьхь Іухьуигъэ псэм еІэмэ и псэм пхыкІыуэ, и гурыщІэмэ і псыхьэуэ щытщ. И гупсысэм еІэмэ и теплъэ, и фащэ, и щыфэлІыфэ иІэжщ, и гу хуабжІэ псыхьыкъуэ».

ЗэрыжьскІащи, зэрыкъуэщыгъэуэ газетым кьытрадзаращ фызэджащ.

Сэ я ныдэ текІуэ си гукъэкІыжхэр, ми усэ сфэцІрэхэмкІэ кьыщІэхдэнэт:

ДыгъафІэм пасэу уэсыр щхьэщокІыж,
ДыгъафІэм апэу уэзыр кьыщоокІыж,
Дыгъэнсым псыхьэлыгъуэ дунэм
ДыгъафІэхэм нэмкІэ щоуэрэм
Апхуэдэу си гум ильмэ гуауэ гуэр
Е хуэшу щыІэр хэтмэ си Іэпкъльэпкъ,
ДыгъафІэу гъащІэм щызгъэтыжьыр уэрщ,
Дунейм нэ пльэгъуэр зиІэжьым си льэпкъ.

И гъащІэр нэхьыщ Мухьэдин абы щІэхъуэпсу. Гугъэ дахэхэр дрищІейуэ щысах аракъым - лэжьащ адыгэбзэм, адыгагъэм кІэримыгъэхуну яужь ит.

Апхуэдэ щІэныгъэ зыбгъэдэлъа (Мухьэдин тхылыр и Іэпэгъуэт), лэжьакіуэщхуэ щыта цІыхум кьуажэм щыс, ядунейщІыжкІэ? Ар кьыхэзыкІа, тхыль тедзапІэхэм, нэгъэущ кьэрал Іуэхущапкъэм щылэжьафІэнут х уеямэ.

Мухьэдин кьуэшым хуэдэу фІыуэ и лІыгъэуу щыта Шэпар Мухьэмэд кьыхэзыжьІамкІэ, Бемырзэм папщІэ, гу кьыгугъуІэт «зырызыщІыдзыфынуэ, гуитІ щхьитІу и гъащІэм ихьыну зэрыхуэмеир. Арати, совет лъэхъэнэм цІыхум и щхьэм иритыжькІифыну щыта хуитыныткъэр (абы и кьуэхьыр здынэзэхъсІифынур Мухьэдин фы дыдэу кьыгурыІуэрэ) кьыхихат. Жьажьэ пльэуи кьыдыгъэкІат. «Перестройкэ» зыфІащащ ІуэхьэлІыжьэр хуит ищІати, льэпкъэм, цІыху щхьэ-хуэхэм кьыІуатэ гукъуэгъэр зэрыгъэнщІа залымыгъэр гъэзэжьэжьынымк ия дунейр зэфІэтыху политикхэр цІыхуцІэ зиІэри телъжьынну яхурикъуну кьыщІыхьэт (гоцІемат тобэ кьыжьыкІыр, хэт и гугъэр? и нужькІей илъэс 20-м СССР-м, Урысейм, дунейм кьыщІыхуэ зауэхэм я «плыржькъэрн» кьыттпэлпъэу).

Гукъуэ экзм я гукъуэжьт Урысей-Кавказ зауэр. Абы и дэтхэнэ уцыири ешьм кьыхуэзгъэзэщ щытам хуэдэу, Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэжьр а «историчеекэ пространствэм» итт НетІи зэрыжькІыащи, гукъэкІыжкэр хуит щыхьужакІэ, зыгуэркІэ кьэгъэльэгъуэн хуеятІэкІэ гур хэзыгъэщІыр? Бэлъэхьэр зыигъэва ди адэжь-анэжьхэр зэрыщІымыгъупщам и щыхьэту фэетщ гуэр гъэувын щІэныгъэм, зэхэщакІэ гуэр кІуэжу зэрыкалэр пэжкэ, кьеплъыхьм ялъагъунэ? Арати, фэеплъыр здэщыгъыну зыхуагъэфащэ Іуащхьэм мывэшхуэ щагъэтІыльащ. Ар зи жьрдэмэхэм ящыщ, абы тратха псальэхэри зей Бемырзэ Мухьэдин Хьэбзэ фІыкомэм и етІуанэ скорзыфыкъэм деж (ныпсы ІэнатІэм) ираджэ, Шэпар Мухьэмэд зэрыжиІэжьымкІэ, «уи мыІуэху зепхэнымэ, лэжьыгъэ ІэнатІэм іуІудгъэкІынуц», кьыжриІащ.

- СыІубгъэкІ, - зыкІи гузэвакъым Бемырзэр.

- Партым уэхтэхунущ.

- Сыхэтхьым.

Партым хэмытмэ, кьулыкъу имыбыгъмэ, щыхьыщІэ гуэр кьыхихьыну уи хьуреягъыр пьапэпцІийуэ кьимыкІуэхьмэ, - сытыт епщІэнур?

Шэпарым ар кьызжиІэкІа нужькІэ сызэгупсысащ: Хьэбзэ,Черкесск, и насыпт кьихьмэ, Ставрополь Іэнатіэшхэу щиубыдыныр зи пльапІэу районым ис партфункционерымрэ егъэджакіуэмрэ а дакъикъэм зы пэш щІэсами, зэрызэтэжьыжьар си нэгу кьышІэзэгъэхъэ. Дэгумрэ зэфымрэ, дзрэ я нэгъэщІ плане зи кьиикІынкІэ хьуну кьыхуэІэхэмрэ нэхъ тыншу зэгурыІуэну кьыщІэкІынт а тІум нэхъ?р. Ежьа и щхьэусыгъуэм ут емыпсэлъыхьыни, гурыІуэгъуэу кьыщсюхуэ.

Бемырзэр кьуажэм кьышІыдзнэзи щхьэусыгъуэ-тэхъэ ильэс 19-м фызабэу кьэна и анэр и закъуэ кьыззэрыхуэмыгъэнэур? Зауэм ныкъуэдыкъэуэ ищІауэ кьэкІуэна и адэмрэ щхьэусыгъэр пасэу зыІэщІэкІа и анэмрэ триуха «Поэмэ нэщхьейр» зауэ ильэсхэм я льэхэаб мыхуэкъыр зи фэм дэкІа щІэблэм нэгъэущ нэмІэ уезыгъэпльащ. Ди нэхьыкъэм я нэгум щІэкІар и тум ешьыкъылІэрэ жьпІэну, а поэмэм кьыщиІэтат бэлъыхь хэмыкІыу псэу цІыхубэм и гъащІэр, гуГуэхъ псорн кьызыхуэзна цІыхубэхэм я фэм дэкІар. ПыІэр кьэхь жаІэмэ, щхьэр яхьыну хьэзыру кьуажэм кьыдэна унафэщІэр Бемырзэм и поэмэм кьыщыдсІыхьжащ. Сэ абыхэм я хьыбар мызэ-мытІэу зэхэсхат зэ щхьэм фызабэ ишІа си нанэм, илъэс 11-м иту губгъэм ираубыда си анэм, ди хьэбзІэ цІыхубзхэм яІуэтэ эу. **Алашэ пэтрэ й іощІ, мурыдІэ,**
ЦІыху цІыкІурн тхьэмыщкІэнымк игъэрэ уаг,
Щызаун щымамыри кІэ зимыІэ
Лжьыбгъэ зэпымычыр нужькІэгуаг.
ГубгъэщыкІэ - нрещІыІэ, нрещІыгъэ -
Итамри щхьэмыІэту мазэ псом,
МазэкІэр кьэсмэ, ахьшэу е лжьыбгъэ
Абыхэм кьалыысыжтэкъым зы сом...
Гугъуехьри гьеІри хьынт зыг уэру псори,
ЦІыхут ум апхуэ зыщІи щІэзат,
Арщхьэкіэ ахэм яхуэмыхьыр псэкІэ,
А щІыпІэ унафэщІэхэ хуэфІи нкІар т.
Зауэшхуэ нухам арати и кІэр,
Льэпкъ быІ нэхьыфІыр хэкІуэда нужь,
Къэхуэарэр кьыхэзыгъэ жьыг пьэпкъыфІыр,
Здрыдсеейуэ ищхьэм пхъэ кьуэщІифр,
ЩрагъэскьІым адыгэлІ нужькІэгуаг.
Ды ыцэм ягъэкІуэ, ІэнатІэм и ІэнкІиІм.
Бемырзэм зэрыжиІащи, «езыхэр мыкІуэу кьэнэфати зауэм», зауэм Іутхэм я анэхэр, я щхьэгъусэхэр, я щыпхъухэр - Іуэгъуакіуэ фІыгъэкІ хьуэнкІэ къагъэ джт.
Ибдагъэ псалъэ гуэр хэр кІэльадэ.
ЦІыкІэ «жейнэдэр» щыбгъэм щІагъэзыхьт,
Апхуэдэу щыхьыкІи, а цІэ лейхэр зи дзырт
Хуэхъужьр ену хэкъм щхьэузыхь.
Апхуэдэу щыхьыкІи, фыз «якъумылажьэу»
А щхуэм анхуэдэ зу зыбгъарт,
Зи гущІэр текІуэмыгъэм хуэхъуу льащІэ,
Къэралыр ерыскьыкІэ зыйыгъар.
ИтІани, яфІыщІэщІэу я льэнкІапІэр,
Кьахэмыкіыкіу гуфІэ е дыхьэшх,
Жащыбгъэм ахэр кьыззохьжа джабэм
Сабийхэр я щІэм дэсу кІэрыкьэкІт.

Губгъуэм щитат, мэзым пхъэ гъэсын плІэкІэ ящыщІахэри, кІэртоф ныкъуэф кьыщащыпат, зы нартыхуащхьэм щхьэкІэ щагъэтІысат - кІэщІу жьыпІэнмэ, я бынкІэ ипльу ямахэсыжьІэ зызэнагъэпІэжьэ, зи щІалэтрэгъэри узынщагъэри бынымрэ хэжьмрэ щхьэузыпых хуэзыщІа щхьэбзэкІэ зызэнагъэпІэжьэ, щІалэтрэгъэри узынщагъэри бынымрэ хэжьмрэ щхьэузыпых хуэзыщІа щхьэбзэкІэ зызэнагъэпІэжьэ **Жащыбгъэм ахэр кьыззохьжа джабэм Сабийхэр я щІэм дэсу кІэрыкьэкІт.**

Губгъуэм щитат, мэзым пхъэ гъэсын плІэкІэ ящыщІахэри, кІэртоф ныкъуэф кьыщащыпат, зы нартыхуащхьэм щхьэкІэ щагъэтІысат - кІэщІу жьыпІэнмэ, я бынкІэ ипльу ямахэсыжьІэ зызэнагъэпІэжьэ, зи щІалэтрэгъэри узынщагъэри бынымрэ хэжьмрэ щхьэузыпых хуэзыщІа щхьэбзэк

УиІэукІэ гъащІэ - Хэкум хуэпсэуф

Тхьэм ирещІи зы тхакІуи зы усакІуи щыІэу къыщІэкІынкъым, мащІэ-кІэдми, зи лъэпкъым, зи лъахэм хуэмыІуса, темытхыхьа.

Пэжщ, тхакІуэр, усакІуэр къыщыхэкІа лъэпкъыр щыин дыдэм, и хэкур щыІабрагъэм деж, апхуэдэ гупсысэхэр мащІэщ, гурыщІэхэр нэхъ тегъэщхьауэ щытщ, сыту жьпІэмэ, лъэпкъыщхьэм, хэку щэжащэм я гъащІэр, уащригуэзэвыхуэм щымыІэу, езыр-езырыр кІуатэу, зэрыншэуи, абыхъм я Іуэхур зэрефІэкІуэнур, я къэкІуэнымкІэ узытешыныхьын лъэпкъ зэрыщымыІэр нэхъ зэрыпагъуэ.

Лъэпкъ щыкІыхь къыхэкІа усакІуэхэм, тхакІуэхэм я Іуэхур абы и лъэныкъуэкІэ нэгъуэщІ. Лъэпкъымрэ лъахэмрэ я къэкІуэнум щІэгупсыс зэпытУ, тегуэзвыхь зэпытУ щытыныр, гупыж къудей мыхъуУ, мыбыхэм я деж къалэн щыхъУ хуэдэу щытщ. «Хуэдэу щытщр псалъэхэр хуэкІуащэу къыщІэкІынукъым ди тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ а Іуэхум зэрыхуущытым, зэрыхуущытын хуейм: ар абыхъм я къалэн нэхъ пажэ дыдэхэм яІыщщ жьпІэмэ, нэхъ тэмэмщ.

Мы Іуэхуу зэрыхуит елъытакІэ тхакІуэхэр зэхэбгъэщхьэхуйи хъунущ: щыІэщ лъэпкъымрэ лъахэмрэ пІалъэ-пІалъэкІэ ятетхыхьхэр, ауэ ар зи литературэ Іуэхуущафэм ІэнатІэ пажэу щымытхэр; щыІэщ зи литературэ Іуэхуущафэр нэхъыбэу я къалэн пэрэм тезыхуУхэр.

Лъэпкъымрэ лъахэмрэ ятетхыхьныр нэхъыщхьэу къыхэзыхь тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ езыхэри гупитУ бгэушьк хъунУ къыщоуку сэ. Ятэр - абы и инагъыкІэ, ар куэдым ягу зэрыгъУ Іуэхуу зэрыщыт къудеймкІэ щІыхуэр къыдэзыхьэхыну зи мурадхэщ. Лъэпкъым, лъахэм ятеухуауэ псалъэ куэд зэрахэтыр мыхъумэ, апхуэдэхэм ятха уса «щыІабжьмэ» гупсысэ зэзыІэпыІэныщ. Гум едэхащІэ е ешьыныщІэ псалъэхэр, псэлъафэхэр яхэткъым, абы къыхэкІыуи, темэр ин дыдэ, псалъэхэр нэхъ иныж щхьэкІэ, тхыгъэхэр псэм дыхьэрхъым, гум епщыкІыным: зэрыжаІэу, гум къыбгъэдэкІращ гум нэсри.

ЕтІуанІэ гупым я тхыгъэхэм щхьэкІэ ар пхужьІэнухьым. Мыхъэр гум къикІыу, зэрыжаІэу, «псэм щІиІэфу» зэхалъхьа тхыгъэхэщ, псэфыгІатьмрэ тафэтелэмрэ хуэхэйхэщ, лъэпкъ Іуэхур я темэ къудей мыхъУ, я гур щІэхыщІэ, я лыр щІэуэ, я псэр щІэгъэзавэ Іуэхуу зэрыщытыр зыхьхОщІэ. Апхуэдэ усакІуэхэм ящыщу мы иужьрей илъэс зытІощІырыщІым къэунэхуахэм я нэхъ цІэрыІуэ дыдэу сэ къызолытэ гІэныгъэр зыхуэпхь мыхъунУ ныбжьым иту иджыблагъэ дунейм ехыжа адыгэ усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин.

Бемырзэ Мухьэдин Шарджэсым щыщщ, шэрджэс-адыгэхэр зэрыгушхуэ, фІы дыдэу ялъагъУ усакІуэщ, ауэ, пІыІупс дрихьну къыщІэкІынкъым, абы и цІэм Къэбардейм щиІэщІрыгъаІэр зыхьхьэщІэ. Ар щыІэкІэм щІэсым щиІэм нэхъра, жысІэмэ. Лъэпкъым, лъахэм темухуауэ зы зэІущІэ ехьэжьаи (ар зэхуэсэ, телевизэІущІэ, радиоизэІущІэ ирехУу) ди дежь щеКІуэкІыкъым Мухьэдин и усэ купщІафІэхэр, адыгэ дэтхэнэми и гущІэм нэс псалъэ жанхэр, гупсысэ кІуухэр хэмыту.

ТІэкІуи пасэІуэу къыщІэкІынщ апхуэдэ зэгъэпщынигъэ пщІыну, тІэкІуи егъэлеяуэ зыгуэрхэм къащыхьынкІэрэ хъунщ (ари зэгуГэр зэхигъэкІынщ зэманым), ауэ къэбэрдей литературэм пхужьмыхьыжьын хуэдизу къыхэхьауэ сэ къызолъытэ ди республикэм къыщымыхъуа, зи ныбжькІи зи тхыгъэхэмкІи хуабжьу зощхьщыкІ щыхьиутІым я литературэ Іуэхуущафэхэр: ягъэ - КІэрашІэ Темботиц, етІуанэр - Бемырзэ Мухьэдинщ. ЗорыжьтІауэ, къигъэльэгъуэщ зэманым, ауэ абыхъм я тхыгъэхэр гуэхуПэ имыІэу ди литературэм къыхьхьауэ къызолъытэ зи щхьэкІэ.

Нобэ хуэдэщ Бемырзэ Мухьэдин и илъэс 50 юбилеим дыкІуауэ щыщытар (2.06.1998 гъэ). ЗэІущІэр щекІуэкІыр Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм-хуэм я уардэунэрат, ауэ Хьэбзэ районым щыщ къуажэ псомиз я лІыкІуэхэр кърихьлІат.

ЦІыхуэр зэрыкуэдым, я гум, я псэм къыбгъэдэкІыу псалъэ гуапэхэр, хьэхъуэхъуэ зэрыхуэкІэм къигъэльагъуэрт Мухьэдин пщІэ ин къызэрыхуащІыр, абы и ІуэхущІафэ лъагэм лъытэныгъэу хуаІэр зыхуэдизыр. Къэбэрдейм дикІри машинэ псынщІэрэ зы автобус цІыкІуэрэ из дыкІуауэ щытащ абы щыгъуэ Бемырзэр щалъхуа, щыпсэу икІи егъэджакІуэу щылажьэ Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм. Дэри узэрадэкІэ-кІуэзэр, пшынауэзэр ди гъусэт, езыхэми апхуэдэхэр я гъунэжти, пщІэ зиІэ усакІуэм, зэкъуэгъуэм фІыуэ ялъагъу цІыкІу зэрыпхуэзэрыхьэфыщэкІэ Іэтауэ, дахэу екІуэкІауэ щытаща а юбилейр.

ЯгъэмыкІыну къызолытэ абы щыгъуэ Мухьэдин хуэзэхспхьауэ щыта, я утыкушхуэм щыжысІа хъуэхъур фи пащхьэ кьыслъхьэмэ:

Уадыгэныр тыншкъым, ахъумэ
Дунейм тет псори адыгэнт, -
Хьэгъундокъуейуэ жьлэ щІагъуэм
ГуфІэжхэу нобэ къеблэгъэнт.
Тхьэм къыдитати насыпышхуэ, -
Адыгэу дэ дыкъитІэущІащ:
Ди лъэпкъыр ину зэрыгушхуэ
Бемырзэм дыкъхъуепсыхащ.
Аращи, нобэ Іыхьэлейуэ
ДызыхуэгуфІэ ди ныбжьэгъу,
Мы уи Іуэху дахэм къэзбгдеІуэ
КьурихьэлІахэр дынохьэхуэху:
Насып Іуащхьэм удэкІуей зэпытУ,
Зы Іуэхуфым адрейр къыпытУ,
Узынишагъэр моуэ уи пкъым щызу,
Гукъыдэжьыр моуэ уи гум изу,
Дэрэжьгъуэр дамэу птетрэ, уи гур
ЗыщІэхъуэпсхэм уи Іэр ялъэІэсу
Кудрэ, кудрэ утхуигъэпсэную,
Усэ-налкъут Іэджи тхуэбгъуэщІ
ДолъэІу Алыхьталэм, Мухьэдин...
Псоми къыдэфыгъыт ар: ІЭМИН!!!

АЖАЛЫМ «сыноклІуэ» жиІэркъым, ар къыщыпхэкІуэнур зыщІэу щыІэр Кьытщхьэщыпым и закъуэщ, ахъумэ, дэр нэхьрэ нэхьыщІэ, зи псэуГуэ, куэд дыдэкІи иджыри ди литературэр зыщыгугъ усакІуэ цІэрыІуэ Бемырзэ Мухьэдин дяпэ ищыну хэт иГу къэкІынт. Гуаугъэхуэщ апхуэдэ цІыхухэр лъэпкъым щыхэщІыкІ дедж, ауэ я ІуэхущІафэхэр къызэрыкІэм, я ІуэхущІафэхэм цІыхухэр къызэрыуеІм ахэр зыгуэркІэ ещІ ахътынщэ. Щэч кьыстесхэркъым: Бемырзэ Мухьэдин лъэпкъым хуитха уса жьгърухуэр псэунщ ди лъэпкъыр псэухкІэ. Тхьэм гъащІафІэ, гъащІэ кІыхь дыдэ къаритхэ ди лъэпкъыми, а лъэпкъыр зи Іэмэ хэпІу дунейм тета Бемырзэ Мухьэдини.

ЦІыху щхьэпэу, цІыху угъурлуІэу дунейм утетащи, жэнэткІэ гуфІэнуэхэм ящыщ Тхьэм уищІ, Мухьэдин.

ІУТІЫЖ Борис,
КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ.

Ди литературэм и хэщІыныгъэшхуэ

И ныбжьэгъуу щытам ди лъэІукІэ тхутопсэльыхь «Консультант Нэгъуей» хэгъэуГуэгу хьыбарегъащІэ центр ООО-м, уней театр «Фатум» ООО-м я унафэщІ Нэгъуей Мухьэдин.

- Мухьэдин, лэжьыгъэкІи фыщыпсэу республикэкІи зэпэщхьэхуэ Бемырзэ Мухьэдинрэ зэрэгъэзэрыщІыхуар?

- Клиотеатр «Восток»-м деж щыта тхыль щапІэм зэгуэр кьыщыспэщІэхуащ Бемырзэ Мухьэдин и тхыльщ. Япэу си нэр зыт ехуа усэр тельыджэ сщыхуат. Зи псэр кьабзэ, къэралым, дунейм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэр, ди лъэпкъым и блэкІамрэ нобэмрэ кууэ зыхэзыщІэ тхакІуэм къиІуатэм фэрыщІагъ зэрыхэмыльыр кьыспкърыхьат зэуэ.

ИужькІэ ар сэзыгъэцІыхуар ЦІыщар Мухьэмэдщ. Бемырзэмрэ абыРэ зэкъуэшым хуэдэу зэхущытащ. Хэкум япэу кьихьэжахэм ящыщ Къалмыкъ Аднан, сэ, Мухьэмэд сымэ дызэрыгъусэу Мухьэдин деж дыщыІат. Си дежкІэ гъэщІэгъэнящІэ хьуат иригъаджэ сабийхэмрэ и куаажэгъуэмрэ егъэлеяуэ абы пщІэ кьыззэрыгъащІыр.

ЦІыхум анэдэлъхубзэм, хэкум хуиІэн хуей лъагъунагъэм, ди адэ-анэхэм зэрахьа хабзэм тетхьих къудей мыхъуу, адыгэр зыхуэдам и щапхъэу дунейм тетащ Мухьэдин.

Зыгуэр хуэныкъуэу зыкъиугъэщІэнутэкьым. И тхьапэ кьыдигъэкІыу зэ тІэкІу сыдэІэпыкъуати, Мухьэмэдрэ сэрэ тхьылъхэмрэ ахъшэ тІэкІуэр щыхуэтшэжам, ахъшэр тІихьи имыдэу дызэригъэныкъуэкъуэу я щытат. И унэ ныкъуэщІым хилъхьэн чырбыш тІэкІу хуэсщати, лъэшыгъэкІэ пщІантІэм фІыдэсщат, сэ сытхьэмыщкІэкъым, жиІэу кьыхуимыдэу.

- Мухьэдин, анэр, сабиншыр, щхьэгъусэр (ари егъэджакІуэщ) егъэджакІуэ улахуэкІэ зыхуей хуигъэзэныр абы и дежкІэ хьэльэу зэрыщытам, щэч хэлъкъым... Ауэ философ гуэрым зэрыжиІащи, Іуэхуэр зэдзыщІэр уэзэрыгъэсэу щыкІэр арагъэнукъым, атІэ абы уэзэрыхуэщытырщ.

- Пэжыныщ. Мухьэдин и гум щыхьа псор хэт ищІэн, ауэ абы, и лъапсэр кьещІэжьи имыхуами, хьэщІэщ иІыгъ. Махуитї-щыкІэ уаэссами, зыми зэрэн уаэу змыхьэну. Уи напэІэльэщІыр, уи тепІэныр махуэ кьэс зэрахьу зкІыу, адыгэ шхыныр кьхьпхуІахьэу. Псом хузмыдэу сигу кьынэжащ Мухьэдин и анэм и лэкъмыр. А иужь рейм теухуаУэ ныри бжесІэжьинущ.

Шэрджэс лъэныкъуэмкІэ Іэзку щызиІэти, Мухьэдин дежь сынэмысу сыкьэкІуэжьинт! ІэнэщІу сыІухьэну сыхуейтэкъыми, зы хьэжьигъэ кьэп машинэм тэолъхьэ. «Мыр Адыгэхэр зыщыпсэу хэгъэуГуэхэм щыщу Урысей-Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ Алий-Бэрдыкъуэщ япэу щагъэувам.

Бемырзэм жиІэжрат , «Зыгуэр кьодж», жаІэри, сыкьыдоІ. Кьэбжэпэм щытыр ди уэрэджьІакІуэ щІэрыІуэ Тут Заурэ, Іэрплъ есщэкІащ, уеблэмэ кьэсІэтри, зГъэувыжащ. «Заур, дауэ мыбы укъэкІуа хьуа?» - жысІэуэр. «Вы меня с кем-то путаете», - псалъэхэр си тхьэкІуэмэ кьыщІуам, сыззэрыхьуар уи пэгъкьыщІэбгъэхьэнымкІэ фантазиеу уиІэр бгъэлажьэхьунущ. Маринэ. Ауэ ар мы - Заурым изакъуэтэкьым, атІэ КГБ-м кьыкІа гу зрт, си мыІуэжу зезмыхуэну чэнджэщ кьызитыну». - жиІэжт Мухьэдин.

- Сыбгъэдэтащ сэри а фэеплъым.

Лъэпкъ щІыхьым зи псэр
щэпэІуэз х уэзыщІу,
ЯукІыхункІэ бийм
хуимыкІуэтахэм,
Хьэжрэту мыкурэпэм
ирижьжьу,
Истамбылакіуэ гъэзэум
текІуэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ
мы сынрн,
Адыгэ, зэтеувыІи,
хуэгумэщІ!..

Си щхъуэфэщыр егъэтэдж мы усэм. Ар «Урысей-Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм» усэм и нужьрей сатырихращ. Сэ Бемырзэм и усэхэр хущІыхьэгъуэкІэ щІызджькІ. Литературэм и критик тКІийхэм жьзыІэн кьаХэкІынкІи хьунщ уэ тхыкІэм и жыпхьэхэм (канонхэм) имызагъэ Мухьэдин и ІэдакъщІэкІэхэм зэрыхэтыр. Пэжынщ, ауэ псалъэхэм аэробикэ яригъэщІтэкьым абы. И гум кьыпыльэдар иткхырт. «Іэпхъуамбэм кьыщІафІи» уэсэ зэуэ зыхьхьощІэ. Адрейуэ, мы псалъэ литературэм ехьэлІэгъуейуэ кьыщІэкІынущ, ауэ жысІэну сызыхуейр абы кьиІуатэу кьыщІэкІынщ. Адыгэ-ар Адыгэт.

Куэдым ямыщІэнкІэ хьунущ мыри. Мухьэдин зэрыжиІэжу щытамкІэ, ахэр Кьэзанш Бемырзэ кьытехьуКІащ. ЦІэр унэцІэ щІаху зкъуам и щхьэ уисыгъэм сыщыгъуазэкъым, ауэ Кьэзаншхэ япхъу сызэрищхьэгъуэм щхьэкІэ, ди малъхьэжь цІыкІу е Нэгъуей шырт кьыззэрызэджэр. «Ей, Нэгъуей шыр, шыльэгъуэм, хуэдэу, хуэмурэ, напэми, цІыхугъэми, адыгагъэми хощІ», - жиІэр т. «Ло-тІэ тщІэнур?» - сеуущІт сэри. «ХэкІыпІэу щыІэр уз зумыльнырщ, напэр япэ изыгъэщу укъэнэнырщ. Адыгагъэр ди деж щедгъэуХ хьунукъым», - арат и жэуапыр.

- Анэдэлъхубзэм, литературэм, тхыдэм, хабзэм щІэбгъэкуэд щІэзыпІыкІа Кьуажэ Іэнатіэ щыжаКуэм и фэеплъ а адыгэ жьлэжьым дагъэувэныи техуэзауэ республикэм и унафэщІхэм захуэзгъэзэмэ, зыгуэр кьикІыну пІэрэт?

- Си дежкІэ насыпышхуэщ абы и кьэхуэным сызэриІуэр. Ебым и дуней тетыкІэмрэ и усэхэмрэ кьызэгурагъэІуащ унэшхуэ уиІэрэ жьэгуащэу ГъащІэр бгъакІуэ зэрымыкьыхунур. И гур щызкІэ, куэдрэ сымаджэнтэкъэ. ТелефонкІэ дызэпсалъэу «сыту усыпэждэрилэ, си ныбжьэгъужь» жеслати, «Гамзатов жиІар пэжу кьыщІэкІынущ, Нэгъуей шыр, «Мы дуней сымаджэм уузыншэну емыкІущ», - кьызитыжат жэуап, гушыІэ хуэдэурэ. Ауэ сэ шэч кьытесхэркъым а псалъэхэр зи фащэ гупсысэ хьэпсэр абы и гумрэ и псэмрэ сытым щыгъуи зэрытельам. ИтІани, «псынэ кьабзэрэ напэрэ уиІэмэ, ущІэгъжьеин щыІэкъым» жиІэри, гушыІэу трилъщІэжт.

Кьэрал Іуэхуущапхъэм дэ дыщылъэІуэну кьыщІэкІынкъым. Мухьэдин и ныбжьгъуу щытахэм ди нэ, ди Іэ къэктыам, а уэ жыхуэпІэ фэеплъым, иджьпсту дыдэ мыхъуми, зыгуэр етщІэну кьыпІэкІынщ. ИджьмыкІ Шэпар Мухьэмэд нэхъ зытригъащІэр Мухьэдин и тхыгъэ кьэхэхэр е тхыгъэ псори зыхуей хуэгъэзэа тхылъу кьыдэгъэкІыжьынращи, а Іуэхур кьыщІэкІыпхъ тщІыну кьыщІэкІынкъым. Адрейр зэманым кьигъэльэгъуэщ.

Сурэтхэр **ПАЩТЫ Герман** *щІалэм.*

Шэпар Мухьэмэд и деж

Си ныбжьэгъу гупсысэх,
Си ныбжьэгъу укІытэж,
ЩІалэ уардэ зэкІуж, щІалэ гуапэ,
Жыпэт, сыт къыпщыщІар,
Щыгъупщж узыщІар,
УмыщІыжу ди унэр уэ кІуапІэ?
КхъыІэ, зэ кьэгъэззж -
Сэ сыкъыщ сыкуэсэши,
УкъэкІужукІэ ди деж схуэмышыІэу,
Уи акъыІ тэрІысам,
Уи сурэт дызэсам,
Ауан гуапэ зыщІэлъ уи гушыІэм.
УЭ уащІщыкъым гъэфІам,
УцІыкІухукІи бгъэвар
Хуринкъунт нэгъуэщІ гуэрым гъащІитІкІэ,
Ауэ аэр ущхьэгъу
Пхужьъуу уэ, си ныбжьэгъу,
ЕбдзыкакъыМ зэгуэрмн уи Іэр.
Гугъум щыхьыкІэ епкун,
Умыхьэжу Іэнкун,
Умпсыхьащ гъащІэм уэ и гъэжальэм,
Ену пхуэхьэуу дэлэл,
Къыунтащ гу хьэлэл
ГукІэ уэ уи Іыхьлыхэр къуншалІэу.
Си ныбжьэгъу гупсысэх,
Си ныбжьэгъу пэщэщх,
Сэ сыножьэ куэд щІауэ, щІыху гуапэ,
ИкІи дэпъми ди яку,
Иджьпсту махуэ гъуэгу,
ЗыхьзощІэ сэ уи гум и хуабэр.

НапэкІуэщІхэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэда адыгэхэм

Ди щыпхъухэ, дядэ-анэхэ, ди къуэшхэ,
Щы фІыщІэр жэнэ пщІащэ зыхуэхъуж,
Насыпыр лъэпкъ кьабзагъэкІэ ягуэштэм,
Щымыльэ хьэркуэрэгъу фэ кьыфхуэхъуж.
Фи лЫгъэкІэ фэ ирим фрапльапІэт,
Фи хабзэкІэ Кавказым фрищІыхьт,
Фи Хэкум кьызышием зэ и лъапэ
КьыщІыхьрт ильэгъуахэр жэнэт пщІыхь.
АрщхьэкІэ пщІыр здэуэрэкъ мы дунеижьу,
ЗДэмысу жЫхэр, мысэхэр зджЫм,
Лъыпсае зауэм кьыфхуэхъуэрн и жьыр,
ИщІащ фи натІэу щыІэм и нжь Іейр:
Инькъуэр фикІуэдащ зэуапІэ губгъуэм,
Инькъуэр гъеймрэ узымрэ фихьащ.
Абыхъм кьащІэнар ищхъэрэ жьыбгъэм
Зэрыдунейуэ дыщІрикъухьащ.
Дэ дыпсэухукІэ дгъэльапІэнущ фи цІэр,
ФтъэкІащи фи псэ кьабзэхэр щІэфтм,
КьаруукІэ кьыкьэбжкІ хамэдэз фЫыщІэм
Лъэпкъ щІыхьыр имыщІыным лъэгущІэтым.
.....

Лъэпкъ щІыхьым зи псэр щэпэІудз хуэзыщІу,
ЯукІыхункІэ бийм хуимыкІуэтахэм,
Хьэжрэту мыкурэпэм ирижьжьу,
Истамбылакіуэ гъэзэум текІуэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынрн,
Адыгэ, зэтеувыІи, хуэгумэщІ...

* * *

Вагъуэбз уафэм хуедзыр джэш
МазэщІ техьэм гъуэгу,
Жейбащхъуэу бзухэр зэподжэж:
«Уи жэщ фІы ухъу, уафэгу!
Уи джэшым дэрн кьыптхунгъэкІ
УэфІ хьуну ди пщэдейр,
Кьурш ажэ бжьакъуэу нэхъри гъэкІ
МазэщІэм и бжьэ тІейр».
... Уэсэпсым удэхэм зыдагъэш.
ЯджЫуу жэщыр щым,
Бзу езэшахэр щоэзгъэж
И анэ бгъафэ щІым.

* * *

Кьурышыбгъэжэр щокуарзэр уэгум лъагэу,
Кьыр дамэм пшэ ешахэм зрагъэщІ.
Аргуэру сыпІейтейуэ ситщ уи лъахэм,
Кьурмэн сызыхуэгъащІын си адыгэщІ!
Шхынышнэзурэ гъаблэгъу кьэзыщта цІыхуу,
ЗызмыгъэнщІыжу сошэр уи хьэуар,
Сэр хуэдзу, дауи, нэгъуэщІ зым нцІыхукъым,
Уэрышнэу мы итъэсхэр зэрысхьар.
Уи пащхьэм сэ мардэншэу сыщыкъуаншэщ,
ПІэЖщІэ сыхьхъухункІэ сщІакъым сэ
Мы итъэс закъуэ сызыщІатхъуа кьуажэм
Апхуэдизэ дыдэу хуеэзэшыну псэр.
Щиху тхьэмпэ Іувэм дыгъэ бзийм зыІфІещІэ,
Мэз жыг епэрым бжьжэр бгыпэм деш.
Сэ гуфІэм си гур сІэпихьи кьысфІащІу,
Сыщысщ Іэнкуну ди кьуажэбгъуэм деж.
ФІэхъусыжым щыгъуу, кьыхсхуэшИ уи Іэр,
Уи куэщІым. Хэку, аргуэру сыпедажэ.
Уэ зырщ уэрэду гъащІэм сэ щызнІэр,
Адрейхэр псорн уэ уи джэрпэджэжщ.

* * *

Жэщыбг жей Іэфым хэтщ си щІыгур,
Зэман-зэманкІэ жьым дэущ,
Щиху уардэ гъагэ хэр щхьэщыгум
Іэхэмх кьудейуэ щодащ.
Сабий нэщхьыбзэ гъапэ уэгу,
Багъуэбз уафэр итщ си щІыІу,
Кьо хужри вагъуэ-дэпхэр уэгум,
УдзыщІэ псыІэм щоупщІыу.
КьаІэмкІи жьэкІи жЫмыІэфыр
Уи нэгу мы жэщым щІегъэкІыф,
Кларцей гъэгъаХэм я нэ Іэфым
Махъсымэм хуэдэу уещІыр чэф...

Адыгэбзэ

Си гъатхэ дыгъэ кьуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфІыгъуэ,
Дунейр уэрышнэм ныбгъуэхьэшт,
У зиІэу зыми семыфыгъуэ.
У зиІэу зыми семыжж -
АбыкІи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи бенгьыкІи сыбгъэщ,
Адрейхэм сщІэнуи сахуопабгъэр.
У ярышшэм гъащІэр шхын мышут,
И Іэфи ЕІэІуи зыхэзмыщІэу,
Мо дыгъэ кьепсыр щхьэкІуэ шут,
Абдж кьызэрыкІуэт вагъуэ мыщІэр.
ЖЫзыІэ щыІэщ псалъэгъэхэу
У зыхьбгъэщІэнур кьэбгъэщІауэ,
И псалъэ ЗапІэкІэ зэрыкъэхуэ
У фІэмыІужуу, кьопэбжьауэу.
Сэ зы дакъикъи семыдзІу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм,
Кьурышпс ежхэыр хуэщІкъым дэгу
Абы зыгъэрым хидза мывэм.
Псыр т ежкрт мывэхэр кьонэж,
Гъуэгу зэрытехьэрэ и псынэр,
ЗэринэкІар абы гъунэжщ
Мывэ пкІэльтэпёр щхьэдэхьпІэу.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщІ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,
ЦІыхугу дэгъэнэрэн кьотІэщІ,
У э ущаІабзэкІэ Іэрыхъуэ.
Зэм, си бзэ, уохъурэ уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм кьызыкъуохрн уи къарур,
Хеящ Іэ джатэу ар уогъабзэ,
Анэ быдзышэу уэ уІэфІщ,
У щыщхьэщыкІэ сабий гущэм,
Гуэхъ уэрэдн жьбоІэф.
ЗэрригъэдзэкІыу пщащэ гущІэр.
У э уафІжьгъэмкІи кьэбгъэщІащ
Зэрыдунейуэ зэджж «Партхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщІащ,
Иджьри мащІэжьым уи натІэр...
Си цІэпикъым щІэбгъ кьыщІэхъуам
Насып вагъуэбзэу ужьэ хэпсэу,
Я нэхъ тхьэмыщкІэ ар щыхъуам
У реІэ уэ, си адыгэбзэ!

Къру макъ

Ахъ Мухьэрбэч и фэеплъу

ПщІащэ гъуахэр гуІэ нэпсу, жыгхэм кьаІэпоху,
ЖЫыбгъэ щІыІэрн жьуджалэрм ироджэгу лъапэху,
Жэщыр хъуамэ зэфІигьанэу даІуэм и гущІэм,
Тхьэгъуцн макъыщу щхьэщоскьыкІыщІыхьэм къру макъ.
Къру лъэтэжхэм я чэруану, гущІэр зыдэущ,
Хэт щытефтхъхэр щхьэкІуэ уанэ, хэт фритхъэгъуш?
Хуабэр армэ фызытегъэр, чыхум хьхьэжащ -
ЦІхъэ пыІэншэхэм я тепхъэщ, бкьыхьэ жэп хьэ жар.
Жэщи махун зэпымычу, фкІуми фэ фи гъуэгу,
Махуэр щІыльтэм щхьэщыкьымыкІыу,
дэ диплъэфкъым уэгу.
Ауэ дыгъэр бгым тетІыхьэм, дохьу щхьэщІэгупсыс,
ПІэ щІыжаХэм дыкьнтІыхьэу, фи цІэкІэ дыщІысщ.
Хэт и уни жьыбгъэ джалъэм, жэщкІэ хущІнхьэж,
ГукъэкІыжьхэм я жьуджалэм щреЫдлъхьэшх -
Кърур кІыгуугукъым, ауэ гъэ хэр ахэмн кьабжьыф,
Уи щыуагъи т екІуэныгъи зэпатьытыжьыф.
ЦІыхур тыншмэ, щыкІыгъуафІэщ,
пыІтькъым и пщэдейм,
Ауэ гъащІэр псэугъуафІэ кьыщІыщІхьэм дей,
ПщІэным щхьэкІэ зэрыщІыгъэ зэфІэна тэмакъ,
Гум кьрухэм ззэзмышэ кьыщреІу я макъ...

«Уафэгъуагъуэ макъым» седжа нэужькІэ

Мы бжьыхьэ жэщыр сыту кІэнщэ,
КьыхфІощІ цІыху гъащІэ и кІыхьагъ,
Сыгъэхьэми сщохьу сыхэпхьу джэшым,
Кьыр мывэ дзакІэр си пІэщхьагъ.
Мы гуаУэ хьэтъэр сэхтмн хуэщу,
Си гущІэр сфІощІ пхрыпщІыкІын.
Пыжжэбэ уэ уэдзэкъэгъэшынт,
Си гъащІэр тІу сэ зхъысщІыкІынт.
Сыту си насыпт сыпщІымыгъэаззу,
Ажалым си нэр нуфІыщІам,
КьысщІэбдзэ лыгъэм и кІэгъуасэм
Шыуану си гур дэуфІыщІащ.

Хэхэсым и гъыбзэ

Цей Мыхьмуд хузотх

Хъуэпсапіэ жьыжьэу Іуащхьэмахуэ лъагэ,
ДыщІэлІэу дохьыр дэ уи напэтъагъу,
Ди гъащІэр щетхьэкІыну хамэ лъахэм
Зэрыт лъхьжауэ кьыщІэкІынт дэ лъэхъу.
Уэрэду аджжь хапІэм дежь щыІунур,
Мыбдежьм щохъур гъыбзэ кІыхь гухэщІ.
ЦІхьэр фІэчу пхъэкум кьыхэна гъущІ Іунэу
Ди гущІэм укьнпащ уэ, адыгэщІ!

Тыркум щыпсэу адыгэм и тхьэусыхэ

Жыдмыбщи-дымыгъуэщ, жыдоІэрн-дыгъуамэщ.
Ар хъунут ун гур мыгъумэ е ун гу къуэпсхэр гъуамэ,
Ар хъунут зы цІыху закъуэм и гуауэу щыпыгъамэ,
Е лъэпкъым и гукъеуэм зэкІыпІэ нІэгъамэ.
Ар хъунут ун лъэпкъыщІэр зепхьэну ухунтамэ,
Е ун бзэ кьыбдаспхъуамкІэ зрыпхуадамэ.
Дыкъыщхьэщыкмэ ди щхьэм,
дэ кьытфІащыжьыр бий.
Дрещхьщ нубэрэжьауэ, ямыгъагъыж сабиным...

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм я Ассамблеер

Ди щыпхъухэ, дядэ-анэхэ, ди къуэшхэ, щы фІыщІэр жэнэ пщІащэ зыхуэхъуж.

Насыпыр лъэпкъ кьабзагъэкІэ ягуэштэм, Щымыльэ хьэркуэрэгъу фэ кьыфхуэхъуж.

Фи лЫгъэкІэ фэ ирим фрапльапІэт, Фи хабзэкІэ Кавказым фрищІыхьт,

Фи Хэкум кьызышием зэ и лъапэ КьыщІыхьрт ильэгъуахэр жэнэт пщІыхь.

АрщхьэкІэ пщІыр здэуэрэкъ мы дунеижьу, ЗДэмысу жЫхэр, мысэхэр зджЫм,

Лъыпсае зауэм кьыфхуэхъуэрн и жьыр, ИщІащ фи натІэу щыІэм и нжь Іейр:

Инькъуэр фикІуэдащ зэуапІэ губгъуэм, Инькъуэр гъеймрэ узымрэ фихьащ.

Абыхъм кьащІэнар ищхъэрэ жьыбгъэм Зэрыдунейуэ дыщІрикъухьащ.

Дэ дыпсэухукІэ дгъэльапІэнущ фи цІэр, ФтъэкІащи фи псэ кьабзэхэр щІэфтм,

КьаруукІэ кьыкьэбжкІ хамэдэз фЫыщІэм Лъэпкъ щІыхьыр имыщІыным лъэгущІэтым.

.....

Лъэпкъ щІыхьым зи псэр щэпэІудз хуэзыщІу,
ЯукІыхункІэ бийм хуимыкІуэтахэм,
Хьэжрэту мыкурэпэм ирижьжьу,
Истамбылакіуэ гъэзэум текІуэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынрн,
Адыгэ, зэтеувыІи, хуэгумэщІ...

* * *

Вагъуэбз уафэм хуедзыр джэш
МазэщІ техьэм гъуэгу,
Жейбащхъуэу бзухэр зэподжэж:
«Уи жэщ фІы ухъу, уафэгу!
Уи джэшым дэрн кьыптхунгъэкІ
УэфІ хьуну ди пщэдейр,
Кьурш ажэ бжьакъуэу нэхъри гъэкІ
МазэщІэм и бжьэ тІейр».
... Уэсэпсым удэхэм зыдагъэш.
ЯджЫуу жэщыр щым,
Бзу езэшахэр щоэзгъэж
И анэ бгъафэ щІым.

* * *

Кьуршыбгъэжэр щокуарзэр уэгум лъагэу,
Кьыр дамэм пшэ ешахэм зрагъэщІ.
Аргуэру сыпІейтейуэ ситщ уи лъахэм,
Кьурмэн сызыхуэгъащІын си адыгэщІ!
Шхынышнэзурэ гъаблэгъу кьэзыщта цІыхуу,
ЗызмыгъэнщІыжу сошэр уи хьэуар,
Сэр хуэдзу, дауи, нэгъуэщІ зым нцІыхукъым,

●Футбол

Ныбжьыщ1эхэм я IутIыжщ.

Топ гуГу.

"Тенджыз къэукъубияр" сэбэп къахуэхъури...

«Спартак-Налщык» (Налщык) - «Рубин» (Къазан) - 1:0 (0:0). Налщык, «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 8-м. Щыхуу 13800-рэ еплъащ.

Судьяхэр Иванов В., Бобык, Барышников (псори Мэскуу щыщ).

«Спартак-Налщык»: Радич, Евсиков, Шумейкэ, Амисуашвили, Филатов, Гвазавэ (Пилипчук, 75), Ланько, Мэшыкъуэ, Файзулин, Узденов (Роденков, 68), Рикардэ Хесус (Матич, 81).

«Рубин»: Колинько, Жан, Габриэл, Синев, Будылин, Гацкан, Сибайя, Фабиу Фелисиу (Волков, 83), Рязанцев, Гицелов (Яркин, 64), Паунович.

Тотыр дигъэкIащ: Шумейкэ, 50.

Дагъуэ хуащIащ Будылинымрэ Амисуашвилирэ.

ИлъэкI эщIэ, мэлыжьыхьым и 9-м, ди командэм и стадионым и пэ текIуэныгъэр кьыщихьауэ щытащ. Абы щыгъуэм тхъэмахуэ дэкIауэ арат Мэскуу щыIэу «Локомотивыр» зэрыхагъащIэри (3:2-уэ), къэзыгъэзэжа налшыкдэсхэм нэгъуэщIкIэ ящыгугъэтэкьым. Мы гъэми цIыху мин 28-рэ зыдэщI «Кубаныр» Краснодар къызэрыщыгъэмылъэщIащ (2:2) «Спартак-Налшыкми» абы дэщIхэми «дамэ къатриГэкIат» икIи текIуэныгъэм фIэкIа плъапIэ яIэтэжьым. Хьэлэмэтраци, нэгъабэ мы гъэми къызэщIэплъа ди щIалэхэм кьапщIэхуар Къэзан и «Рубиныр». Пхуэдизу я гум хьыхьауэ къаэзрыдэщIым тригъэгушхуа ди щIалэхэри мыгувэу къызэщIэплъащ икIи япэ Iыхьэм и кIэух дакьикъэхэр я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ.

Загъэпсхуу кьыхьэжа иужькIэ, хэгъэрейхэм яebгъэрыкIуэныгъэ лъэщым пащащ икIи псынщIэ дыдэу бжыгъэр къызIуахащ. Узденовым кьидэжа угловойр Файзулиным Iэзэу къытащ икIи ди гуащхьхьымэ Шумейкэ щхьэкIэзэуа топым хьэщIэхэм я гуащхьстет Колиньки пэлъэщакым - 1:0.

Налшыкдэсхэм я Iуэхур иджы нэхъ тынш хьуат, сыту жыпIэмэ бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжьын папщIэ, «Рубиныр», хуей-хуэмейми, и гъуэм кьыIукIуэтыпхъэт. Апхуэдэуи къэхьащ икIи ди щIалэхэм ар къагъэсэбыпырти, ныкъуэкъуэгъуэхэм я гуэмебгъэрыкIуэрт. Апхуэдэ дакьикъэхэм хьэурт, икIи шэч кьытрахьэур-рэ зэупщIыжырт: «ТхъэмахуэипэкIэ «Кубаным» апхуэдэу лъэщу пэщIэтыфар мы щIалэхэрауэ пIэрэ?» жаIэу.

«Спартак-Налшыкым» лъэкI кьангъанэртэкьым, арщхьэкIэ зыри кьыкIыртэжьым. Апхуэдэу щыхьхьум, мин 14-м избладжэу «Спартак-Налшыкми» абы дэщIхэми «дамэ къатриГэкIат» икIи текIуэныгъэм фIэкIа плъапIэ яIэтэжьым. Хьэлэмэтраци, нэгъабэ мы гъэми къызэщIэплъа ди щIалэхэм кьапщIэхуар Къэзан и «Рубиныр». Пхуэдизу я гум хьыхьауэ къаэзрыдэщIым тригъэгушхуа ди щIалэхэри мыгувэу къызэщIэплъащ икIи япэ Iыхьэм и кIэух дакьикъэхэр я тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ.

Загъэпсхуу кьыхьэжа иужькIэ, хэгъэрейхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщым пащащ икIи псынщIэ дыдэу бжыгъэр къызIуахащ. Узденовым кьидэжа угловойр Файзулиным Iэзэу къытащ икIи ди гуащхьхьымэ Шумейкэ щхьэкIэзэуа топым хьэщIэхэм я гуащхьстет Колиньки пэлъэщакым - 1:0.

Налшыкдэсхэм я Iуэхур иджы нэхъ тынш хьуат, сыту жыпIэмэ бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжьын папщIэ, «Рубиныр», хуей-хуэмейми, и гъуэм кьыIукIуэтыпхъэт. Апхуэдэуи къэхьащ икIи ди щIалэхэм ар къагъэсэбыпырти, ныкъуэкъуэгъуэхэм я гуэмебгъэрыкIуэрт. Апхуэдэ дакьикъэхэм хьэурт, икIи шэч кьытрахьэур-рэ зэупщIыжырт: «ТхъэмахуэипэкIэ «Кубаным» апхуэдэу щIэкIауэ кьыщIэкIри, судьям джэгур кьигъэувыIащ.

КъыкIэлъыкIуэу Филатовми Iэмал хьарзынэ кьыхукъуэкIащ - гъэм кьыдэкIа Колиньки топыр щхьэпридзыну хэтащ, ауэ хьэщIэхэм я гуащхьэтетыр абы дьэIэсащ.

ЗэIущIэм и кIэухым налшыкдэсхэр икIуэтыжри, я гъуэр яхьхьэмэн мурад яIэу. Иджи «Рубиныр» нэхъебгъэрыкIуэ хьуащ, арщхьэкIэ ди Iуэщхьхьымэхэри гуащхьэтетри щыуагъэшIэу джэгуащ.

Арати, мы гъэм япэ текIуэныгъэр «Спартак-Налшыкым» премьер-лигэм кьыщихьащ! Абы и фIыгъэкIэ ди командэр увыпIиХкIэ турнир таблицэм щыдэкIуэтеящ икIи и Iуэхуэхэр тегушхуэгъуафIэ хьуащ.

Адрейхэм я зэIущIэхэр зэрищхам щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: **«Москва»** (Мэскуу) -**«Кубань»** (Краснодар) - **1:0, «Химки»** (Химки) - **ЦСКА** (Мэскуу) - **1:1, «Сатурн»** (Мэскуу область) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **1:1, «Динамо»** (Мэскуу) - **«Локомотив»** (Мэскуу) - **2:1, «Ростов»** (Дон Iус Ростов) - **«Томь»** (Томь) - **2:2, «Спартак»** (Мэскуу) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **2:1, «Амкар»** (Пермь) - **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **1:1.**

КъыкIэлъыкIуэ етхуанэ джэгуГуэр премьер-лигэм дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ щыIэзэхэтнущ. Мэлыжьыхьым и 15-м ди щIалэхэр Мэскуу щыIущIэнущ къэралым и чемпион ЦСКА-м. Ар зэрекIуэкIыр сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 45-м щыщIэдзауэ «Спорт» каналым эфир занщIэкIэ кьигъэлъэгъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Урысей Федерацэм и премьер-лигэм и турнир таблицэ

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак»	**4**	**3**	**1**	**0**	**6-2**	**10**
2. «Москва»	**4**	**3**	**1**	**0**	**4-0**	**10**
3. ЦСКА	**4**	**2**	**2**	**0**	**7-3**	**8**
4. «Амкар»	4	1	3	0	5-3	6
5. «Крылья Советов»	4	1	3	0	2-1	6
6. «Томь»	4	1	2	1	5-5	5
7. «Динамо»	4	1	2	1	4-4	5
8. «Зенит»	4	1	2	1	6-7	5
9. **«Спартак-Налшык»**	**4**	**1**	**2**	**1**	**3-4**	**5**
10. «Луч-Энергия»	4	1	1	2	3-4	4
11. «Химки»	4	1	1	2	3-4	4
12. «Локомотив»	4	1	1	2	3-5	4
13. «Рубин»	4	1	0	3	4-7	3
14. «Сатурн»	4	0	3	1	3-4	3
15. «Кубань»	**4**	**0**	2	**2**	**2-4**	**2**
16. «Ростов»	**4**	**0**	2	**2**	**6-9**	**2**

Япэрей топыр гъуэм хуокIуэ.

ШУМЕЙКЭ Виталий: Очкоищыр къэдмыхьу хъунутэкъым

«Спартак-Налщык» командэмрэ «Рубиныр» и зэIущIэр ауха нэхъ хьэщIэхэм я гъуэм топыр дзэзыгъэкIа Шумейкэ Виталий щыIэ.

«ПЭЖЫР ЖЫПIЭМЭ, зэIущIэр гугъуу екIуэкIащ. Топ- джэгу губгъуэм и зэрани хэлъщ абы, - жиIащ Шумейкэ. - Джэгум и гугъу пщIымэ, дэнэгъэщI кьалэн ди пщэ дэпъакъым «Рубиным» дытекIуэн фIэмIа. Дызэрыт щытыкIэр кьыдгурыIуэжьрти, очкоищ кьызэрыт хьыным яужь дитащ. Си гугъэмкIи, ди текIуэныгъэмкIэ футболелпъкэр дгъэуфIащ, дэрэжэгъуэ зэгъуэтащ.

Загъэпсхуну толджэгу губгъуэм икIа иэужь, тренер нэхъыщхьэ Краснодар Юрий футболистхэм яжриIам теухуауэ Шумейкэ кьыхихгъэщащ:

- «Краснодар Юрий чэнджэщ кьыдитащ нэхъри дебгъэрыкIуэну. «Рубиныр» зэIущIэм хэмыхьхьэзыру кьыщIэкIащ. Сыту жыпIэмэ, футболистхэр япэ Iыхьэм и кIэхэм щIэтIысыкIыу хуежьащ. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм ар къэдгъэсэбэпри, топыр гъэм дэдгъэжащ.

Иджы «Спартак-Налщыкым» кьыпэщылъщ ЦСКА-м Москва щыдэжкIуну. Ауэ Шумейкэ Виталий абы щIэгупсысыркъым:

- «Нобэ дэ кьытпэщIэта «Рубиным» дыззэрыдэжкIуам ЦСКА-м. Абы

Гъэм утемахуэ дауэ уэзрыгъэкIуэнкIэ?

Мы зэIущIэр зэрекIуэкIам теухуауэ къэзэнэдэсхэм я гуащхьэтет Колиньки Александр жиIар мыращ:

- НОБЭ зэхуэзэр я къарукIэ зэхуэдэ командитIущ. Абы къыхэкIыри, текIуэныгъэр къызыхьар гъуэр къэзыщIэну Iэмал нэхъыбэ зиIарщ икIи «Спартак-Налшыкым» ар зыщIыгъэкIакъым. Дэ Iыхьэншэу утыку дыкъинащ. Дэнэ окно гуэрхэр къэтхьин мурад диIэу дыкъэкIуат. Ауэ, нобэрей зэIущIэм арэзы сокIуэж. Уи хьэрхуэрэгъум и гъуэм зэ закъуэ утемыхьауэ, дауэ текIуэныгъэ къызэрыпхьынур?

КЪЭУДЖЫ Заур.

Япэрей текIуэныгъэр "Спартак-Налшыкым" егъэзыпIэ.
Сурэтхэр **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

Рикардэ Жезус хьэмэ Рикардэ Хесус?

НэгъуэщI къэрал кьыкIа футболистхэм я упщIэхэр зэтемыхуэу щытх кьохьу. Псом хуэмыдиу ахэр Бразилиеи щыщ, сыту жыпIэмэ, абыхэм я ныхьыбэм щIэ лей зэрахь.

АПХУЭДЭУ кьыщIащ мы гъэм «Спартак-Налшыкым» кьыхьыха Рикардэ Хесус да Силвэ. Абы и щIэр «Жезус», «Рикардо Жезус», «Рикардо», «Рикардэ Хесус» жаIэурэ иджыри къэс зэтемыхуэу ди газетхэми, Мэскуу кьыщыдэкIхэми ятхащ.

Ди командэр Краснодар кьыкIыжа иужькIэ, абы и пэжыпIэр зэхэдгъэкIыну мурад тщIащ. Дэфтэрхэм зэритымкIэ, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэуэ Бразилиеи щыщ щIалэм зэрердэжр Рикардэ Хесус да Силвэщ е кIэщIу - Рикардэ Хесусщ. Дэри дяпэкIэ абы дытетыщ.

КЪАУДЫГЪУ Заурбэч.

Ди кIэн кьикIасым

Джэгум кьрикIуа бжыгъэр хьэщIэхэм я тренер нэхъыщхьэм хуабжьу игу зэрыщыхьар нэрыльагъут - пресс-конференцым кьыщыхьэри, абы щэху дыдэу жиIащ:

- Зи зэфIэкIыр зэхуэдэ командитIым я зэIущIэм, дэ зэрыхуэдэсэфэщауэ, псори зэхигъэкIын хуеят штрафнойхэр зэрагъэзащIэ щыкIэм. Апхуэдэуи кьэхъуащ. Нобэ ди кIэн кьикIакъым. Хэгъэрейхэр ерыщу кьыдэныкъэкъуащ икIи кьахъукъуэкIа Iэмалыр дэгъуэу кьагъэсэбэнащ - абыкIэ налшыкдэсхэр сыт щыгъуи IэкIуэльакIуэщ.

КъыдэщIахэрщ дытесыгъэкIуар

- Нобэрей зэIущIэм нэхъ гухэхьэ ин дыдэ къыдэзытар стадиным кьрихьэIа щыхьэхэрщ. Ди Iуэхуэхэр щымыхьу япэ дакьикъэхэм ахэр кьытткIиякьым, тхуэмыфэщэн кьыдапэсакьым, атIэ я макъ кьызэрихьлIэ дызэрыгъэгъэгушхуэным яужь итащ. Ар зылэгъуа ди щIалэхэр абы текIуэныгъэкIэ пэдэжащ.

«Рубиным» пэщIэтакъым ди футболист Iэзэ зыбжанэ. Сыт ар кьызыхэлар?

- Дэ иджыпсту зэхуэдэу джэгуу гъуащхьэтетищ диIэщ. Сидельниковым хьэрзынэу зыкьигъэлъэгъуащ, иджы чэзур Радич кьыльысащ. Кращенкэ и джэгукIэм дыщыгъуазэщ, ари сыт щыгъуи сэбэп кьытхуэхьунущ.

Пилипчук зэIущIэм и пэм щыщIэдзауэ губгъуэм кьыщIэмыгъэхьам и щхьэусыгъуэр, экзамен итыну папщIэ дыуТIыпщIыжу, махуищплIыкIэ кьызэрытащ. Поповыр зэкIэ гупым хозагъэ. Джудович и узынщагъэрэ зэфIоувэж.

Зытхыжар **МЭЗКУУ Кьанщобийщ.**

Iуэхуэну бгъэдыдэ кьызэIуэмылу

«Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - «Рубин-Д» (Къазан) - 0:0. Нартксалэ. «Химик-ситэ» стадион. Мэлыжьыхьым и 7-м. Щыхуу 500 еплъащ.

Судьяр Ковалев (Тамбов).

"Спартак-Налшык-Д": Кращенкэ, Макушев, Васин, ХьуакIуэ, Филатов (Къуекъонов, 46), Кисенков (Быдз, 46), Самсонов, Дышнэ, Джатокуэ, Мартынов (Захаров, 68), Попов (Степанов, 46).

"Рубин-Д": Харчик, Нестеренкэ, Гольтяпин, Климов, Базаев (Багаев, 46), Киреев, Нобоа (Баляйкин, 46), Сан Кью Кан (Бикмаев, 70), Афонин, Дидин, Гаевев.

Дагъуэ хуащIащ Нестеренкэ, Васиным, ХьуакIуэм.

Мы гъэм етIуанэу бжыгъэр къызэIуамылхауэ нухащ ди Спартак-Налшык-м и дублерхэр зыхэта зэIущIэр. Пэжщ, хэгъэрейхэм тепщэныгъэр нэхъ яIыигъащ, арщхьэкIэ Iэзэщ1эхэм мыIенуэ захъуэжьыфащ икIи зы очко Нарткъалэ кьыщахьащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэдощI премьер-лигэм хэт адрей командхэм я дублерхэм я зи чэзу дежкIуэ гъэгугъ кьарикIуа бжыгъэхэм: «Москва-Д» - «Кубань-Д» - 0:4, «Сатурн-Д» - «Крылья Советов-Д» - 0:1, «Динамо-Д» - «Локомотив-Д» - 2:1, «Амкар-Д» - «Зенит-Д» - 2:5, «Ростов-Д» - «Томь-Д» - 2:2, «Спартак-Д» - «Луч-Энергия-Д» - 4:0, «Химки-Д» - ЦСКА-Д - 1:0.

КЪЭХЪУН Бэч.

Уи ныбжьыщIэхэм я IутIыжщ: Зеикъуэ къуажэм щыпсэу ГъукIэлI Люся къыщатхуа махуэщи, дохъуэжу

●Хъуэжъуэр

Ди мамэ дахэу дыщэм ефIэкI, дыгъэ хуабагъэр кьызыбгъэдэкI! Ми гукъыдэ жыг гьатхэм дэгъагъэу, уи узынщагъэм кIэрыкъу имыIэу, уи щIыпIэр щхъуантIэрэ уи уафэр кьащхьэу, ди адэмрэ уэрэ фызэкъуэту, науэр фIэIэщIэу, фи щIэблэм я гуфIэгъуэмрэ екъулIэныгъэмрэ фи гуР дыхэхъуэу куэдрэ фытхуэпсэну дынэхъуэхъу.

Уйпхъуэр, уи матьхъэр, уи пхъурытьхъуэр.

Къэмбэчокъуэ Мухьэмэд и къуэ Идар цIыкIу нобэ илъэс ирокъу

Ди къуэш нэхъыщIэ цIыкIум уи япэ лъэбакъуэр пчащи, уи гьащIэ гъуэгур кIыхь хьуну, дунейр уи щIэщыгъуэу, уи къкIуэнур дахэу, узынщагъэр уиIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, уакъыпхфIэу, адыгэ щIалэ уардэу, узыхьхьэм уефIэкIыу, уи уафэр кьащхьэрэ уи щIыпIэр щхъуантIэу, дадэрэ нанэрэ бгъэгуфIэу дуней щIэращIэм утетыну, насыпинкIэ Тхъэр кьыпхуэупсэну дынэхъуэхъу.

Жыраслъэн, Албэч.

● Гу зылъытапхъэ

Iуащхьэмахуэ зэхуещIэж

Иужьрей илъэсхэм хабзэ зэрыхъуауэ, Iуащхьэмахуэ лъапIэ бы-лъэрыкъэ спортым дихьхьэхэм езым зэхалъхьауэ ягъэзащIэ зэрэлъэмIэ зэхьэзэхуэ гьатхэм щрагъэкIуэкI. Мы гъэм абы къырихьлIащ Урысей Федерацэм и шIыналъэ 34-м, хамэ къэралхэм кьыкIахр.

ФИГУ къэдгъэкIыжьинщи, зэрэджьIакIуэхэм я зэпеуэм, иужькIэ «Чегетия» зыфIащыжам, и кьежьапIэм щытар Городецкий Владимиррэ Калинкин Михаилрэщ. Абы лъандэрэ илъэс 15 блэкIащ.

Иджырей фестивалыр екIуэкIащ «Кавказыр - зауэншэу», «Спортыр наркотикхэм я бийщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту. Ар егъэкIуэкIыным я мылъку халъхьащ, къызэгъэпэщакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуащ Урысей Федерацэм наркотикхэм еБэныныкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэмрэ Iуащхьэмахуэ кьуажэм и ичанфащIхэмрэ.

ЩУЭУЕЙ Хьэщауэ.

● ГИБДД-м къет

"Трактор"

Республикэм щыщIидзащ «Трактор» профилактикэ лэжьыгъэм. Ар екIуэкIынущ мэлыжьыхьым и 12 пщIондэ.

КъБР-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм къапщытэнущ республикэм и Iуэхущапсэхэм я унафэщIэхэр зиIэхэр. Абыхэм гупытэ хэха хуащIынущ транспортым и техникэ щытыкIэм, регистрацэ дамыгъэм, техникэ тонированэ кIэлъыплъынымкIэ зэрыгарэзекIуэкIым, рулым дэсхэм ар зэрагъэкIуэну хуит зыщI тхьапIэ-ямыIэм, гъэзэгу зэрытехьэ тхьапIэ яIыгъ-ямыIыгъым.

Гъэзэгу плъырхэм стационар постхэм кьыщапщытэнущ республикэм и гъэзагухэм щыщIэкIуэ тракторхэмрэ машинэхэмрэ.

Транспортхэр, сыт хуэдэ пIэужьыгъуэ ирехъуи, зыгъэлажьэ Iуэхущапсэхэм я унафэщIхэм ар къызэрагъэсэбэп щыкIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын хуейщ.

Фигу къыдгъэкIыжьинщи, дагъуэ зиIэ тракторхэмрэ машинэхэмрэ гъэзэгу мэкъумэш машинэхэмрэ гъэзэгу тезыгъэхьэ унафэщIхэр административнэ жэуапым ирашIэлэнущ.

БАЛЭ Роберт,
Налшык къалэм и 3-нэ ОВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэ.

Тхьэмахуэ зэхуакум

Гъатхэпэм и 26 - мэлыжьыхьым и 1 махуэхэм республикэм щыкIуэ насыпныншагъэу 11 кьащIыхьэуати, абыхэм щыхуи 2 хэкIуэдащ, 22-м фэбжь хахащ.

ГъатХЭПЭМи 28-м «Аруан -Уштупу» федерал гъэзэгум тету кIуэ «ВАЗ-2109» автомашинэр зезыгъакIуэр «ВАЗ-2130»-м япэ ищыну хуежьэри, гъэзэгум и сэмэгурабгъу лъныкъуэмкIэ тельэдащ икIи кьыхьэкIуэ, щIыху къезышэкI «ГАЗелым» жьхэзыщ. Иужьрейм исахэм ящыщу щы сымаджьщым яшащ.

Гъэзэгу плъырхэм сэтей кьащIащ арпрагатым тетын хуей номерхэр зэрахъэкIауэ е укьемыджэфу автомашинэу 2.

Тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу кьагъэтащ кьалъхьауэ шофер тхьапIэу 1.

ГИБДД-м и МРЭО-м шофер тхьапIэр щихъэжьу яубыдащ кьалъхьауэ сэмэкъдэсыр. Апхуэдэуи яубыдащ кьалъхьауэ, Ингушэ республикэм щыщ щIыхьхъэр.

Гъатхэпэм и 27-м «Кавказ» федерал гъэзэгум КъБР-м и МВД-м и ГИБДД-м и гъэзэгу-плъыр Iэхэущ1анIэм и батальон щхьэхуэм и лэжьакIуэхэм щаубыдащ гъэпщIакIуэ, илъэс 38-рэ зи ныбжь къахэуцдэс щыхуэбзыр.

Гъатхэпэм и 29-м гъэзэгу плъырхэм яубыдащ Калининым и уэрамым щыхьэ зыхэкIуэда гъэзэгу насыпншагъэр кьащIыхьэ-гъэхъуэ щIэпхъэжьа «Мерседес» автомашинэр зезыгъакIуэр.

Гъатхэпэм и 30-м яубыдащ Налшык Кировым и уэрамым тет коммерческэ тыншым и щIыпIэм жьэхэзуэу щIэпхъэжьа «ГАЗ-322132» автомашинэр зезыгъакIуэр.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм «Береза» ДПС-м деж щаубыдащ зыхуэфащэ тхыльхэр щIымыгъуэ гъущI фIыщIэ тонни 2,5-рэ зышэ «ГАЗ-33021» автомашинэр зезыгъакIуэ, Май къалэм щыпсэу цIыхухъур.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м и лэжьакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖЬэкIэмыхьу Маринэ(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъэщIэ Зариф, Жылаеэ Маритэ, Льостэн Муэз, Уэрдокъуэ Жансурт, Ныбжь Таисэ, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэумрэ лъэпкъ IуэхуэхмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIихабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1анIэхэм я дэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пиСмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэныту щытыкIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и щIэ дельщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щIыныжьэ ахэм ехъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

КъБР-м Щ1ихабэгъэм хьыбарегъащIэ ЕнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр - 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елъэныкъэхэр: **жэуап зыхь секретарым и къэзыгъэ Iэщ1ыжь Соня, редактору Гъэщ1э Зариф, корректорхэр: ЩIхьэщ1мыщ1 Иэз (3, 4-нэ нат.), ПхытIыкI Юрэ (1, 2-нэ нат.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Кьуначь Залинэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:*Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае, *сурэтщIэ* Бицу Жанэ.**

Номеры "Адыгэ псальэм" и компьютер Iнат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгъуазэр сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Гъраж 10.289● Заказ №1032